OXFAM
RESEARCH BACKGROUNDER

ESKE FILYÈ PISTACH NAN PEYI DAYITI KAPAB RIVE TWOKE KÒN LI AK DON PEYI ETAZINI AP FÈ LI?

ANALIZ EKONOMI POLITIK SA A :

Camille Chalmers, Guelsonne Calixte, François Gérard Junior Denart, Tonny Joseph ak Marc J. Cohen

OXFAM

PAPDA
Yon lòt Ayiti Posib!!!

MEN SA NAP JWENN NAN TRAVAY SA A:

DOKIMAN AK ENFÒMASYON OXFAM 4

Ekip ki mennen travay sa a 4

Men ki fòma pou nou swiv lè nap fè sitasyon ki soti nan dokiman sa a: 5

SIG 6

RANMASE EGZEKITIF LA 8

1. ENTWODIKSYON. 10

2. MOMAN DON PISTACH SA A TE FÈT : ELEMAN KI ANBA-ANBA DÈYÈ DON SA A 12

Eleman ki mache ak konjonkti a: fòs sektè agrikòl ayisyen an. 12

ELEMAN KI MACHE AK MAK FABRIK PEYI A: POLITIK AGRIKÒL AK KOMÈSYAL, PRESYON BAYÈ FON YO POU LIBERE MACHE PEYI A.. 14

AYITI NAN LANE 2020: KRIZ YO AP MILTIPLIYE 16

3. TOUT SA PISTACH LA GENYEN KÒM VALÈ AN AYITI. 19

YON KOUT JE SOU FILYÈ A NAN PEYI A. 19

Kèk lide sou pwodiksyon an nan Plato Santral. 22

Kèk lide sosyal ak ekonomik sou mesyedam pwodiktè pistach yo nan Gran Nò a. 22

ANALIZ SOU MIWO-MIBA NAN MITAN FANM AK GASON NAN ZAFÈ PLANTE AK VANN PISTACH LA. 24

Pwodiksyon an 24

Vant lan 24

TRANSFÒMASYON AN 25

Fabrikan manba 25

Fabrikan tablèt, pistach griye ak Karapina. 26

Pwodwi ki transfòme yo 26

JAN NOU KONSOMEN PISTACH NAN PEYI A. 27

ASIRANS AK KALITE PISTACH YO ISIT: PWOBLÈM AFLATOKSIN NAN. ... 27

FINALMAN 29

4. BARYÈ AK OPÒTINITE YO 31

BARYÈ YO 31

Difilkite ki gen rapò ak transfòmasyon an 31

Difikilte pou fè rive pwodwi yo nan mache yo 32

Absans prensip sistèm kontwòl kalite moun ka fè konfyans epi ke yo rekonèt nan nivo entènasyonal. 32

OPÒTINITE YO 32

5. PREZANTASYON REYALIZASYON ANKET KI SOTI NAN ETID SA A. 34

METODOLOJI AK DOKIMAN 34

LIMIT YON ETID KONSA…….. 35

REZILTA 36

6. EKONOMI POLITIK DON PISTACH AMERIKEN YO AN AYITI: ÈD TOUT BON OSNON YON “DUMPING” AN KACHÈT? 39

7. KONKLIZYON AK REKÒMANDASYON. 46

KONKLIZYON 46

REKÒMANDASYON YO. 47

LIS RESEARCH BACKGROUNDERS 49

DOKIMAN AK ENFÒMASYON OXFAM

Prensipal responsab divès kalite rechèch sa a: Kimberly Pfeifer

Prensipal objektif divès kalite rechèch sa yo,se chache limyè ak ankouraje diskisyon sou yon bann sijè enpòtan pou rive kase fe lapwovrete. Rechèch sa yo fouye zo nan kalalou sou yon pakèt kesyon OXFAM abitye travay. Tout sa fèt nan yon vizyon pi laj ki anbrase devlopman nan nivo entènasyonal ak èd imanitè. OXFAM konte pataje tout richès ki anndan rechèch sa yo ak plis moun posib nan lespwa kel ka soulve anpil bèl diskisyon ak deba nan tèt poze.Tout rechèch sa yo disponib sou fòm yon fichye yon moun ka telechaje sou sit web Oxfam Amerik(oxfamamerika.org/research).Yo ka distribye yo epi site yo nan travay yo depi yo di ki kote yo pran yo.(nap jwenn plis esplikasyon nan lòt paj la).

Oxfam seleksyone rechèch li yo pou soutni objektif devlopman li yo ou byen tou soutni pi bon aspè nan travay li nan fason pou li mennen politik li yo. Chak grenn dokiman reprezante yon premye jefò Oxfam pou fè limyè sou devlopman estratejik travay li. Li parèt tou sou fòm yon ranmase sa ki ekri osnon yon rechèch orijinal Oxfam mennen li menm ou byen rekòmande. Tout moun ki konsène yo egzamine tout travay ki soti nan kalite rechèch sa yo.

Oxfam pa fè kalite rechèch sa yo pou ni pou fè pledwaye,ni pou fè kanpay. Travay sa yo pa vle di se pozisyon Oxfam yo ye non plis. Opinyon,lide nou jwenn nan rechèch sa yo, se lide, lopinyon ekip responsab rechèch yo. Yo pa obligatwaman lide, opinyon Oxfam. Men,nou kwè tout kalite rechèch sa yo ap itil tout lektè fanm tankou gason ki ta renmen lapwovrete diminye sou latè.

Pou yon moun ka jwenn yon lis konplè tout etid ki fèt nan sans sa a, li ka konsilte seksyon"Liste des "Research Backgrounds" ki parèt nan rapò sa a.

Ekip ki mennen travay sa a

Camille Chalmers ki se direktè Platfòm Ayisyen Pledwaye pou yon Devlopman Altènatif(PAPDA). Li se pwofesè tou nan Fakilte Syans zimèn nan Inivèsite Leta Dayiti. Guelsonne Calixte, enjenyè agrikòl. Li te sèvi kòm konsiltan nan etid sa a.François Gérald Junior Denart te chèchè asistan nan reyalize etid sa a. Tonny Joseph te koodonatè pledwaye ak rechèch an Ayti pandan rechèch sa a . Kounye a, li se konsiltan nan peyi a. Marc J. Cohen, li se chèchè prensipal Oxfam. Li chita Washington D.C.

Ekip la remèsye moun nou pral site non yo la pou kritik yo ak bon kòmantè yo te fè sou tout pwojè ki te la anvan menm dokiman sa a: Helène Botreau, Franziska Mager, Frantz Roby Point du Jour. Dieudonné Raymond, Hanna Saarinen ak Jeremy Schwartzbord. Ekip la remèsye tou Grassroots International pou wòl

enpòtan li jwe nan etid sa a. Nou apresye tou bon jan sèvis Christine Laliberté nan montaj etid sa a ak sipò teknik Stephanie Smith ak Bukula Anifowoshe.

Men ki fòma pou nou swiv lè nap fè sitasyon ki soti nan dokiman sa a:

Camille Chalmers, Calixte Guelsonne, François Gérard Junior, Joseph Tonny, Cohen Marc J.: " ESKE FILYÈ PISTACH NAN PEYI DAYITI KAPAB RIVE TWOKE KÒN LI AK DON PEYI ETAZINI AP FÈ LI? Analiz ekonomi politik, seri Oxfam America Research Backgrounders 2020

www.oxfamamerica.org/explore/research-publications/can-haitis-peanut-value-chain-survive-us-generosity-political-economy-analysis.

Si w bezwen pèmisyon pou w pibliye yon gwo pati travay sa a, oudwe fè demann

lan kon sa**: permissions@oxfamamerica.org**.

SIG

APC	American Peanut Council (Konsèy Ameriken Pistach)
APE	Aliman ki pre pou manje (Aliments prêts à l'emploi)
ANATRAF	Asosyasyon Nasyonal kap Transfòme Fwi
BRH	Bank Repiblik Ayiti (Banque de la République d'Haïti)
CNSA	Koôdinasyon Nasyonal Sekirite Alimantè (Coordination nationale de la sécurité alimentaire)
FAO	Òganizasyon Nasyon Zini pou lamanjaj ak Agrikilti (Organisation des Nations unies pour l'alimentation et l'agriculture)
FDA	United States Food and Drug Administration (Sekretarya Ameriken pou Pwodwi moun manje ak pwodwi famasi)
FMI	Fon Menetè Entènasyonal (Fonds monétaire international)
IHSI	Enstiti Ayisyen Estatitik ak Enfòmatik (Institut haïtien de statistique et d'informatique)
IPC	Kad Entegre pou Klasifikasyon Sekirite Alimantè (Integrated Phase Classification)
PLMD	Peyi ki mwens Devlope yo (Pays les moins développés)
MARNDR	Ministè Agrikilti ak Resous Natirèl ak Devlopman Riral
MFK	Meds & Food for Kids (Swen ak Manje pou ti Moun yo)
OMC	Òganizasyon Mondyal Komès (Organisation mondiale du commerce)
ONU	Òganizasyon Nasyon Zini (Organisation des Nations Unies)
PAM	Pwogram Alimantè Mondyal (Programme alimentaire mondial)

PAPDA	Platfòm Ayisyen pou Pledwaye ak Yon Lòt Devlopman (Plateforme Haïtienne de Plaidoyer pour un Développement Alternatif)
PAS	Pwogram Ajisteman Ekstriktirèl (Programme d'ajustement structurel)
PIB	Pwodwi EnteryèBrit (Produit intérieur brut)
PNSAN	Plan Nasyonal pou Sekirite Alimantè ak Nirtisyon (Plan national de sécurité alimentaire et nutritionnelle)
PPB	Parts per billion (Pati Pa Milya)
USDA	United States Department of Agriculture (Depatman Agrikilti peyi Etazini)
USAID	United States Agency for International Development (Ajans Ameriken pou Devlopman Entènasyonal)

RANMASE EGZEKITIF LA

Nan mwa mas 2016 la, gouvènman ameriken pwofite yon gwo sechrès ki tap frape peyi a, pou li te anonse li fè Ayiti kado 500 tòn pistach griye. Òganizasyon sivil ayisyen yo ak ONG entènasyonal yo te fè valwa enkyetid yo paske depi nan peyi yo deja, plantè pistach ameriken yo jwenn gwo lajan nan men Leta yo. Sa ap kreye yon dumping sou mache ayisyen an ki menase mwayen peyizan ayisyen yo pou yo viv.

Papda ak Oxfam te mennen yon rechèch pou yo te ka pi byen konprann tout sa pistach ayisyen an genyen kòm valè san bliye fason travay yo pataje nan mitan fanm ak gason yo, enpòtans li pou lavi yo ak lavi moun kap konsonmen pistach la. Epi tou, dekouvri vre rezon politik ki kache dèyè don ameriken sa a. Nou egzamine sa ki enpòtan kite deja ekri nan domèn sa a. Nou fè rechèch nan 4 depatman sou 10 nan peyi a. Nou fè entèvyou ak 186 branch ki konsène nan tout chenn nan epi tou fè diskisyon ak plizyè gwoup. Nou fè entèvyou tou ak reprezantan responsab don an, ak ONG yo epi ak desidè politik agrikòl ameriken.

Nou konstate moun ki anndan tout chenn valè yo rankontre yon seri pwoblèm grav, sitou yo pa jwenn okenn ankadraman nan men Leta. Òganizasyon yo, sitou òganizasyon plantè yo fèb. Yo itilize metòd pwodiksyon ki chita sou tradisyon. Yo genyen pwoblèm dlo pou wouze ak lòt bezwen tankou angrè. Yo pa genyen mwayen pou konbat move zèb ki te ka ede yo kontwole aflatoksin la. Aflatoksin la reprezante yon danje grav pou konsomatè ayisyen yo pwiske anpil nan yo se manba ki se prensipal engredyan nan sa yo manje lematen pou tidejne. Men ak yon politik epi ak yon bon pwogram, Ayiti genyen kapasite pou li gran moun tèt li epi menm chèche okazyon pou voye vann nan peyi etranje.

Tankou sa parèt nan lòt etid nan domèn sa a, nou konstate tout moun ki nan chenn lan ap mennen pwodiksyon, komèsyalizasyon ak transfòmasyon an nan yon sitiyasyon lapwovrete ak mwayen pou yo viv fèb anpil. Plizyè nan yo ki te viv sou kont pistach la pa te jwenn ase lajan pou te pèmèt yo viv menm yon ti jan pi byen. Yo te oblije ale fè lòt djòb anplis swa sou fèm nan, swa lòt kote. Men kan menm, anpil nan yo di yo satisfè pou jefò yo fè nan chenn pwodiksyon pistach la. Medam yo sitou deklare yo jwenn sèten libète ekonomik malgre ke benefis yo limite.

Chenn valè nan pistach la, okontrè, nan peyi Etazini, prezante yon pwodiksyon kote Leta bay plantè yo yon bon valè lajan yo rele sibvansyon; plantè yo itilize yon teknoloji chaje ak presizyon epi yo byen òganize nan nivo politik. Sa ki pèmèt yo chèche tout kalite avantay san wont san santiman. Pwiske sitiyasyon sa a fè yo pwodwi plis pase sa yo bezwen, lalwa oblije gouvènman ameriken

achte epi estoke sa ki anplis yo, fè presyon pou devlope mache nan peyi etranje epi itilize pistach nan èd manje yap bay nan lòt peyi. Men dumping sa a pa mache ak èd agrikòl ameriken ki ta genyen objektif pou ankouraje pwodiksyon pistach isit epi tou rezoud pwoblèm aflatoksin nan.

Pou noufini, nou rekòmande gouvènman ayisyen an pou li ogmante sipò li bay chenn valè a nan rechèch, fè pawòl la mache, fè fòmasyon ak kredi, ankouraje koperativ ak òganizasyon agrikiltè ak komèsan. Li dwe ede dekouvri aflatoksin nan epi anpeche li devlope. Nou mande pou Etazini ak lòt kote kap bay don pou yo kontinye ede chenn valè yo pandan yap fè tout sa yo kapab pou evite pou politik komèsyal sa yo pa tounen yon pikan kwenna pou nou.

1. ENTWODIKSYON.

Jou ki te 31 mas la, depatman Agrikilti Etazini(USDA)te anonse li te fè Ayiti kado 500 tòn pistach griye pou"ede bay apeprè 140,000 timoun ki soufri malnitrisyon manje pandan yon lane lekòl antye".[1] Genyen plizyè ONG lokal tankou Papda, Platfòm Je Nan Je, Tèt Kole Ti Peyizan Ayisyen(T.K) ak Solidarite Fanm Ayisyen SOFA[2] ki te kalifye don sa a tankou yon kado anpwazonnen.[3] Te genyen tou ONG entènasyonal tankou Oxfam[4] ki te kritike kalite don sa a. Òganizasyon sa yo repwoche gouvènman ameriken an ki gaye sou mache ayisyen an pistach yo posede anplis lakay yo. Dapre yo, pistach sa a ap pwovoke yon dezas kay mesye dam plantè yo epi ap trennen yon move konsekans sou byennèt moun afè pa bon yo nan peyi a.

Men USDA, bò kote pa li, defann don an li di ki posib "gras ak konkou pwodiktè agrikòl ameriken yo epi ak pwogrè nan agrikilti lakay yo". Li montre itilite don sa a pou konbat grangou kay ti moun yo epi lite kont ensekirite alimantè akòz yon "sechrès devastatè[5] nan peyi Dayiti.".Dapre responsab USDA, paske don sa yo reprezante sèlman1,4% pwodiksyon pistach nan peyi a, sa pa ka koze okenn move kosekans sou pwodiktè ayisyen an.[6]

An Ayiti, arachid, yo bay yon ti non pistach[7], se yon kilti ki chaje ak enpòtans sou mache lokal la epi menm entènasyonal la. Manba ki se yon gwo sous pwoteyin[8] nan peyi a, se yon danre enpòtan nan sa nou manje chak jou, espesyalman nan preparasyon tidejne nou.

---

[1] Wood. S. USDA Provides NutitriousU.S.Peanuts in Humanitarian Effort for Haïti, 31 mars 2016.An liy https://. www.usda.gov/media/blog/2016/03/31/usda-provides-nutritious-us-peanuts-humanitarian-effort-haiti. Tradiksyon Tonny Joseph

[2] "Don de pistach: un cadeau empoisonné". Le Petit Journal Haïti, 19 avril 2016. an liy. https://lepetitjournal.com/haiti/actualites/don-de-pistaches-un-cadeau-empoisonne-78521

[3] Moun ki fè etid sa a swete fè konnenn mo"anpwazonnen"se yon imaj yo itilize.Yo rekonnèt pistach ameriken an fèt daprè règleman ki genyen nan kesyon manje , kidonk nan pi bon kondisyon pase sa nou fè isit. Anplis tou pistach ameriken yo pa genyen pawazon. An liy

[4] Offenheiser, R.C"dumping Nuts", The Hill, 11 mai 2016 An liy https://thehill.com/blogs/congress-blog/279249-dumping-nuts

[5] Taylor,A"What U.S Peanut donations Mean to Haïti"Lettre à la rédaction , Whasington Post, 1mai 2016 (An liy)https://www.washingtonpost.com/opinions/what-us-peanut-donations-mean -to-haiti/2016/05/01/1fe8a27c-0d61-11e6-bc53-db634ca94a2a story.htm?utm term=9b8d23195cd3(Tradiksyon Tonny Joseph.

[6] Mc Fadden, D"Donations of surplus peanuts from US dismays Haïti farmers", Associated press,15 avril 2016(An liy https: //www.apnews.com/4a491348c53043e28d6887c6887c67d83fb99

[7]G enyen kèk etid ki itilize mo pistach kom si pistach ak arachid, se menm bagay.Men pistach, se yon plant ki nan fanmiy **Anacardiacée**s alòske arachid nan fanmiy **Fabacées.** Men an kreyòl, yo rele arachid pistach

[8] Point du Jour, F.R Contribution à l'étude de la filière arachide en Haïti, Mémoire pour l'obtention du diplôme d'ingénieur-agronome de l'Université d'État d'Halti,de concert avec L'Université Laval (Canada), p 31,50.An liy.https://akosaa.fsaa.ulaval.ca/fileadmin/Fichiers/Ressources/Memoires_Leaders_FSAA/Memoire_Point_du_Jour pdf

Ti agrikiltè yo kiltive pistach nan tout rejyon peyi a. Yo itilize metòd tradisyonèl preske san okenn konkou Leta. Komès ak transfòmasyon lokal yo ofri medam riral yo kèk avantay ekonomik. Kwak li egziste sèten baryè ki anpeche pwodiksyon pistach la layite jan li ta dwe epi malgre tout sousi move kondisyon sanitè yo ak prezans yon gwo degre aflatoksin, sa pa vle di pwoblèm sa yo san remèd. Epi posibilite pou amelyore chenn valè yo la. Nan ka sa a, don pistach ameriken an ak pwodiktè li yo ki deja jwenn sibvansyon sètadi, yon bon valè lajan nan men Leta peyi yo, parèt nan je anpil Ayisyen ak defansè devlopman riral nan peyi a tankou yon dumping anplis ou byen menm yon tantativ ameriken pou enstale yo sou mache lokal la nan lespri pou kraze mwayen pou malere aysiyen yo viv.

- Se pou nou rive byen konprann chenn valè pistach la nan peyi a, enpòtans pou ede moun yo degaje yo nan milye riral la, abitid nou genyen nan manje manba epi tou pou chache konnen sa ki dèyè don ameriken an, PAPDA ak Oxfam te reyalize rechèch sa a. Objektif rechèch sa a, se:
- Egzamine ekonomi politik chenn valè pistach la nan peyi a. Pou sa, nou chita anpil sou kantite fanmiy ki viv sou kontak pistach la epi ak sou anviwònman politik peyi a.
- Montre tout kalite wòl tout moun ki nan filyè sa a jwe.
- Esplike wòl pistach la jwe nan abitid manje chak jou Ayisyèn ak Ayisyen, sekirite alimantè an Ayiti, epi jan yo rezoud malnitrisyon nan peyi a.
- Fouye zo nan kalalou sou ekonomi politik pistach ameriken an; jwenn rezon ki kache dèyè don pistach yo pwpoze Ayiti nan lane 2016 la epi montre movèz fwa nan politik èd ak komès Etazini
- Ankouraje pledwaye Oxfam ak patnè li PAPDA ki nan sosyete sivil ayisyen sou èd ameriken an Ayiti, sou pwochen lwa ameriken ak politik agrikòl Etazini.

Rapò sa a etidye tou dabò baz politik ak ekonimik filyè pistach la an Ayiti. Apre, nou travay sou chenn valè pistach la li menm: swa nan pwodiksyon, swa nan komèsyalizasyon, swa nan transfòmasyon. Nou manyen sa ki regade relasyon fanm ak gason, konsomasyon ak tout risk ki genyen yo. Answit, nou chèche konnen difikilte yo ak tout mache ki genyen rapò ak chenn valè yo. Anfen, nou prezante rezilta rechèch yo sou teren an ak analiz ekonomi politik don Etazini yo. Nan dènye chapit la, nap jwenn rezime konklizyon ak rekòmandasyon ekip rechèch la.

2. MOMAN DON PISTACH SA A TE FÈT : ELEMAN KI ANBA-ANBA DÈYÈ DON SA A

Eleman ki mache ak konjonkti a: fòs sektè agrikòl ayisyen an.

Sechèrès ki te tabli an Ayiti soti lane 2015 rive lane 2017, anplis fenomèn meteyolojik mondyal yo ki rele El Niño a, te kase ren sektè agrikòl ayisyen an. Se pa detwa rekòt jaden ki tè pèdi. Sitiyasyon sa a ki te deja malouk te vin angrave lavi plizyè dizèn milye Ayisyèn ak Ayisyen. Nan kèk rejyon, peyizan yo te rive pèdi jiska 70% nan sa yo te ta dwe rekolte.[9] Se yon bagay ki fè dlo koule nan je lè nou sonje plis pase sou chak 100 moun ki nan laj pou travay, nou jwenn plis pase 50 nan agrikilti.[10] Fenomèn sa a plonje yon bon valè nan popilasyon an nan lamizè. Li lakòz tou nan lane 2015 lan, 1milyon 500 mil moun tonbe nan yon ensekirite alimantè grav. Se PAM[11](Pwogram Alimantè Mondyal Nasyonzini)ki te fe deklarasyon sa a.

Dapre yon etid Ajans Ameriken pou Devlopman Entènasyonal (USAID) ,sechrès la pa aji menm jan sou fanm ak gason: fanm yo genyen abitid fè jaden nan pi move tè yo. Sa ki fè sechrès la diminye plis toujou rannman jaden pa yo. Yo rantre mwens lajan pase gason yo. An plis, move rekòt yo diminye chans fanm yo pou yo mennen aktivite mache yo paske an Ayiti, se fanm yo ki plis egzèse pwofesyon sa yo.[12]

Otorite ayisyen yo, ONG yo ak òganis finansye yo pran plizyè mezi pou konbat ensekirite alimantè a. Nap site kèk nan yo tankou PAM ki ogmante asistans alimantè a, pwogram"travay peye", pwogram kantin eskolè PAM ak Lafrans[13],

---

[9] Reliefweb. Caribbean Drought 2015-2017. An liy htpps://reliefweb.int/disaster/dr-2015-000091-hti
[10] IFAD.Haiti: The context, An liy htpps://www.ifad.org/en/web/operations/ country/id/haiti
[11] Programme Alimentaire Mondual(PAM). El niño.Drought Blamed as Severe Food insecurity Doubles in Six months in HaIti. An liy https:://www.wfp.org/news/el-nino-drought-blamed-severe-food-insecurity-doubles-6-months-haiti
[12] Rames. V. Jean-Gilles,S et Seisun,C.USAID/Haiti GenderAssessment Report prepared by Banyan Global,Port-au-Prince: USAID/Haiti,2016,p.76-78.
[13] UN Office for the Coordination of Humanitarian Affairs. Humanitarian Bulletin Haiti, no 62, juin 2016(An liy) https:://relefweb.int/sites/reliefweb.int/files/ressources/ocha _ haiti_ humanitarians_bulletin-62.pdf.

plan nasyonal sekirite alimantè ak nitrisyon (PNSAN) gouvènman ayisyen[14] ak kado pistach Etazini an.

Nan lane 2015, sektè agrikòl ayisyen an te afiche yon move rezilta. Pwodiksyon an te bese 5,4% parapò ak sa li te ye nan lane fiskal 2014[15]. Sektè agrikòl la pa te janm bese ba konsa depi lane 2008.(-7,43%). Se te lane kote 4 gwo siklòn [16] te pase sou do peyi a. Alòske gouvènman ayisyen an di li bay agrikilti a priyorite nan ekonomi an, valè ajoute nan sektè agrikòl la pa janm sispann bese. Nan lane 2015 lan, li te rive nan nivo ki pi ba a depi 1997 sètadi 1,8 milya dola ameriken. Kontribisyon pa li nan PIB total la sòti 29,5% nan lane 1997, tonbe 23,3 nan lane 2011 pou bese jous 20% nan lane 2015. Kan menm, jan valè PIB la nan agrikliti a bese a pa sifi ase pou jistifye bès pwa sektè agrikòl la nan PIB total la.Devlopman lòt sektè ekonomik yo tankou lendistri ak sèvis yo genyen responsabilite yo nan sa tou.[17]

Men nan lane 2016 la, sektè agrikòl la, amelyore pou jan li te ye nan lane 2015 la. Valè ajoute nan branch aktivite (agrikilti, sivikilti, elvaj ak lapèch) ogmante 3%(Figi 1)[18]An reyalite, lapli a ki te plis tonbe ane sa a te ede pwodiksyon agrikòl jwenn yon ale mye.[19]

---

[14] Conseil interministeriel pour la sécurité alimentaire(CISA)et coordination nationale de la sécurité alimentaire(CNSA) Actualisation du plan national de sécurité alimentaire et nutritionnelle(PNSAN)(vèsyon final)mars 2010(An liy) htpp://agriculture.gouv.ht/view/01/IMG/pdf/VERSION_PNSAN_12_Mars_2010.pdf

[15] Institut haltien de statique et d'information(IHSI). Les comptes économiques en 2016. An liy.http://www.ihsi.ht/pdf/comptes_economiques-en-2016.pdf

[16] id.Les comptes économiques en 2009..http://ihsi/pdf/comptes_economiques-en-2009pdf

[17] IHSI"Les comptes économiques en 2016"op.cit

[18] ibid

[19] CNSA, Haíti. Perspectives sur la sécurité alimentaire, juillet-décembre, 2016.An liy .http://www.cnsahaiti.org/Web/Bulletin-Perspectives_aout_-2016.pdf

Figi1. Evolisyon valè ajoute nan sektè agrikòl la 1996-2006(nan milyon goud sòti 1986-1987)



Sous: Enstiti Ayisyen Estatitik ak Enfòmatik Institut haïtien de statistique et d'informatique (IHSI)
Légende : * -- semi-définitifs, ** -- provisoires, *** -- estimations.

ELEMAN KI MACHE AK MAK FABRIK PEYI A: POLITIK AGRIKÒL AK KOMÈSYAL, PRESYON BAYÈ FON YO POU LIBERE MACHE PEYI A..

Nan tèt kole ak plizyè bayè fon peyi ak peyi, Fon Monetè Entènasyonal(FMI) ak Bank Mondyal kreye Pwogram Ajisteman Estriktirèl (PAS) nan lide pou ede peyi ki dwe yo rezoud pwoblèm dèt yo paske peyi sa yo ap benyen nan pwoblèm jous nan kou. Poutan se jan sitiyasyon ekonomik ak finansye an nan nivo entènasyonal la ap depafini ki mete peyi sa yo sou po dèyè yo. Pwogram sa a ki apre te layite sou anpil peyi ke yo di ki pòv yo, se te yon pretèks pou benefisyè èd finansye entènasyonal yo reprann kwasans yo, pou yo reprann tout dinamik devlopman yo apre yo koupe fache ak modèl Leta bon papa ki te konn foure bouch nan tout bagay yo, te mete yo. Kidonk, liberalize ekonomi an nan nivo nasyonal ak entènasyonal.

Se nan kòmansman lane 1980 yo, gouvènmn ayisyen mete kanpe pwogram neyoliberal sa a. Pwogram sa a pa sèlman genyen rekòmandasyon politik ekonomik, men li prevwa tou chanjman nan pwofondè ekonomi peyi a. Mezi sa

yo te genyen prensipal objektif pou mete disiplin nan bidjè a, retire tout regleman sou pri pwodiksyon yo, kase ren goud la(lajan peyi a)fisle politik monetè a, kwape Leta tout kote li te konn entèveni sètadi liberalizasyon peyi a epi privatize tout antrepriz piblik menm si yo te rantab.[20]

Pandan peryòd sòti 1983 rive 1995, gouvènman an te pran plizyè mezi, li rele mezi redrèsman (nap jwenn yo nan tablo pi ba a). Mezi sa yo te manyen seryezman komès pwodwi agrikòl yo dapre jan yo te liberalize yo. Anvan 1995, Ayiti te oblije taks ladwàn sòti 40 rive 50% sou laplipa pwodwi agrikòl li te achte nan peyi etranje. Jodi a, taks sa yo sòti 0 rive 15%. Pou pistach la, taks sa yo se 7,9%. Poutan lakay li, Etazini monte dwa pa li jous 163 % pou pistach kap soti deyò.[21]

Mezi redrèsman 1983-95

Nou ka klase mezi sa yo nan twa gwoup.[22]

1. Mezi pou estabilize ak pou mete lòd nan finans piblik yo. Mezi sa yo te plis chita sou administrasyon piblik ak antrepriz piblik yo, konstriksyon ak antretyen travay piblik yo tankou sistèm irigasyon, kredi agrikòl, ak diminye depans piblik yo ak kredi anndan peyi a.

2. Mezi pou estabilize ekonomi a: Laplipa mezi sa yo konsènen jan pou libere to pou chanje goud la nan dola ameriken pandan yap adopte yon to kap varye tout tan, libere to enterè epi aplike yon politik monetè pou rive kontwole enflasyon an ak to chanj la, menm si sa bloke kwasans lan ou byen tou anpeche ekonomi reprann fòs li.

3. Mezi pou demantibile sistèm tarif yo mete sou machandiz yo"mezi sa yo genyen objektif pou demonte sistèm pwoteksyon komès la pandan yap elimine baryè ki pa genyen tatif sou yo, louvri vant peyi bay nenpòt ki machandiz epi louvri tout pò yo pou komès ak peyi etranje.

[20] . Banque mondiale Haïti. The Challenges of Poverty Reduction, Washington: Banque Mondiale, 1998, 2 volim; Falton. R.Jr Haiti's Predatory Republic: The Unending Transition to Democracy, Boulder.CO: Lyne Rienner, 2002 et Haïti : Trapped in the Outer Periphery, Boulder, CO: Lyne Rienner, 2014

[21] McGuigan.C.Agricultural Liberalisation in Haïti, Londres: Christian Aid,2006. An liy https://christianaid.ie/sites/default/files/2017-08/agricultural-liberalisation-haiti-january-2006.pdf Famine Early Warning Systems Network(FEWS NET).Haiti Staple Food Market Fundamentals, mars 2018. An liy http://fews.net/sites/defaut/files/documents/reports/Haiti%20MFR_Final_20180326.pdf; Swanson,A"Trump's Claims of Unfair Tariffs Ring Hollow to US Trading Patners"SEattleTimes, 11 juin An liy https//www.seattletimes.com/nation-world/nation-politics/trumps-claims-of-unfair-tariffs-ring-hollow-to-u-s-trading:partners ticle.php3?id_article=959

Gwo bayè fon yo ak enstitisyon finansye entènasyonal yo te toujou ap fè presyon sou gouvènman ayisyen yo pou yo konsantre fòs yo plis sou devlopman nan zòn ekspòtasyon (tankou fabrikasyon mayo)pase sou agrikilti a. Yo fè konnen peyi a ka toujou achte manje nan peyi etranje menm lè nou nan yon epòk kote pri manje yo ap vole gagè epi yap varye tout tan.[23]

AYITI NAN LANE 2020: KRIZ YO AP MILTIPLIYE

Depi apre chèchè sa yo te fini mennen ankèt yo nan lane 2017 la, sitiyasyon sosyal, ekonomik ak politik vin pi mal anpil nan peyi a. Genyen yon gwo tèt ansanm sou estrateji pou adopte pou rezoud divès kriz sa yo. Youn nan yo, se mete anpil fòs sou agrikilti a ak devlopman an kòm motè pou moun yo viv san gade dèyè ak yon devlopman global.

Depi mwa jwiyè 2018, Ayiti ap viv nan yon boulvès sosyal ak politik. Sa ki lakòz yon malèz ekonomik san parèy. Kriz la vini anvlimen nan fen mwa septanm 2019 ak peyi "lòk" la. Lòk sa a lakòz pri tout pwodwi premye nesesite yo sètadi pwodwi nou plis bezwen pou viv chak jou yo grenpe bwa la poula, anpil antrepriz fèmen pòt yo, kidonk chomaj la tou ogmante.[24]Nivo enflasyon an balanse apeprè 17% [25]epi nivo chomaj la touche apeprè 14% moun ki nan laj pou yo travay.[26]

Nan yon kominike Bank Repiblik Ayiti(BRH)yo rele tou Bank Santral te mete deyò nan mwa novanm 2019,`li te bay kèk chif ki bay tèt fè mal. Kominike a di PIB la pa grandi . Okontrè, li negatif soti 0,6% tonbe pi ba jous nan -0,1%.[27]

Transparency International, ki se yon ONG, klase Ayiti pami peyi ki pi pòv, pi inegal, pi kowonpi sou latè. Nan dènye etid li, li jouke Ayiti nan 168èm plas sou 180 peyi). Ayiti chita sou yon chèz kap souke anba dèyè li depi lontan sitou depi soulèvman popilè 6, 7 jwiyè 2018 yo apre gouvènman an te monte pri gaz la nan ponp yo. [28]

Se ak tranbleman tè janvye 2010 la ke kriz sa komanse. Si pa genyen anvan lontan okenn solisyon pou toufe kriz sa a, li ka trennen yon ijans imanitè ki ka lage 4 milyon Ayisyèn ak Ayisyen nan yon grangou san parèy. Dapre dènye chif

---

[23] Falton.R.Jr.Haïti: Trapped in the Outer Periphery,op.cit.p7-9, 73-79, 102-105.Collier.P Haïti, From Natural Catastrophe to Economic Security, A Report for the Secretary-General of the United Nations, janvier 2009. An liiy.
https://www.focal.ca/pdf/haiticollier.pdf; Lundahl,M.The polical Economy of Disaster, Londres: Routledge,2013

[24] Taft-Morales,M"Haïti's Political and Economic Conditions,Updated March 5,2020"Congressional Reasearch serviceReport, 5 mars 2020; Office français de protection des refugiés et des apatrides(OFPRA); Halti, les manifestations violentes de février 2019."26 mars 2019.

[25] ibid

[26] Se chif Bank Mondyal:An liy.
https://data.worldbank.org/indicator/SL.UEM.TOTL.ZS?locations=HT

[27] Banque de la République d'Haïti(BRH)L'Économie haïtienne en graphes, novembre 2019, Port-au-Prince: BRH

[28] Taft-Morales,M"Haiti's Political and Economik Conditions, Updated op.cit; sur l'inégalité, Programme des Nations-Unies pour le développement(PNUD) Income Gini coefficient, 2019 An liy. http://hdr.undo.org/en/content/income-gini-coefficient; sur la corruption.Transparency International(TI),Corruption Perceptions Index Berlin 2019: TL, 2019

Coordination nationale de la sécurité alimentaire (CNSA) (Koòdinasyon nasyonal sekirite alimantè) nan tèt kole ak Organisation des Nations-Unies pour l'alimentation et l'agriculture Òganizasyon Nasyonzini pou Alimantasyon ak Agrikilti (FAO), PAM ak Concern Worldwide,jan pri yo vini monte a, twoub sosyal ak ekonomik yo mete sou jan pwodiksyon agrikòl la bese, tou sa te lakòz ensekirite alimantè a te ogmante nan lane 2019 la.[29]

Nan mwa oktòb 2019, CNSA te koòdone yon analiz ki te chita sou 'cadre intégré clasification de la sécurité alimentaire(IPC). Te genyen 19 ajans ak òganizasyon ki te patisipe nan travay sa a tankou ajans ki sòti anndan vant gouvènman an, bayè fon ak ajans teknik epi tou ak divès ONG nasyonal ak entènasyonal(Oxfam). Analiz sa a demontre sou chak 3 moun, genyen plis pase youn ki bezwen asistans alimantè konnye a menm nan peyi a. Sa bay an tou 3,7 milyon moun ki konsène. [30]

Dapre rapò a. sitiyasyon sa angrave nan zòn riral yo plis toujou pase sa dènye analiz mwa desanm 2018 la te montre. Nivo ensekirite alimantè nan milye riral yo ogmante plis pase 15% nan yon sèl ane. Se premye fwa IPC te reyalize tou yon analiz konsa nan milye vil yo. Sèlman nan Pòtoprens ak tout zòn ki alantou li yo, IPC jwenn plis pase 850 000 moun ki soufri ensekirite alimantè. Se ba Nòdwès ak katye ki plis nan move kondisyon nan Site Solèy ki plis tonbe nan ka sa. Dapre mòd kalkil li, IPC klase de (2) zòn sa yo nan kategori 4(ijans) sou yon echèl ki genyen 5 bawo. Sa vle di fanmiy sa yo prezante yon mankman nan kantite manje yap manje ki grav anpil. An tou, IPC kwè genyen plis pase yon milyon moun nan tout peyi a ki nan faz ijans 4 la. Si anyen pa rive fèt, sitiyasyon an riske angrave epi ka genyen lòt zòn ankò ki tonbe nan sitiyasyon ijans la nan lane 2020.

Toujou dapre IPC, eksepte kèk katye nan vil yo, rès peyi a rantre nan faz 3 ki se faz kriz la. Latibonit, Nip, Grandans ak kèk katye nan Kwadèboukè prezante yon nivo ensekirite alimantè ki byen wo.

Se jan pri danre ki pi nesesè yo monte plis pase 22% ki esplike monte ensekirite alimantè sa a; jan goud la ap degringole desann 24% chak ane pa rapò ak dola ameriken an ak mouvman popilè nan lari yo patisipe tou nan ogmantsyon ensekirite a. Jan ensekirite a anvayi tout peyi a diminye tou mwayen pou popilasyon an jwenn kantite manje ki nesesè pou li viv.

Anplis, nan milye riral yo, fenomèn El Niño a ogmante sechrès nan lane 2018 la jous rive nan premye twa premye mwa 2019 la. Sa lakòz pwodiksyon an bese apeprè 12% pa rapò ak jan sa te ye nan lane anvan an.

---

[29] CNSA(Coordination nationale de la sécurité alimentaire) "Synthèse de l'analyse de classification de la sécurité alimentairé"octobre 2019
[30] ibid

Dapre jan sitiyasyon an grav la, li nesesè pou genyen aksyon jodi a menm pou sipòte fanmiy ki pi pòv yo epi ensekirite alimantè a frape pi plis. Li menm obligatwa pou marye entèvansyon ijan yo ak jefò pou remanbre sektè sa yo pou sòti nan ijans pou rive nan yon sitiyasyon ki ale pi lwen, ki estriktirèl pou rive nan sekirite alimantè ak pou fanmiy yo rive pi byen nouri.

Se nan sitiyasyon dlo nan je sa a nou rive fini etid sa a sou pistach la. Pou byen li li, fòk w pa bliye ensekirite alimantè nou soti esplike la a.

3- TOUT SA PISTACH LA GENYEN KÒM VALÈ AN AYITI.

Yo plante pistach (Arachis hypogaea)nan tout peyi a. Anplis pistach, se yon gwo sous benefis pou tout moun ki nan chenn valè a; yo manje li anpil nan peyi a. Nap jwenn filyè ayisyen an nan figi 2 a

Figi 2. Filyè pistach an Ayiti.



Sous : Oxfam en Haïti

YON KOUT JE SOU FILYÈ A NAN PEYI A.

Dapre ministè Agrikilti, Resous natirèl ak devlopman riral (MARNDR) Repiblik Dayiti, nan lane 2016, depatman Nòdès, Latibonit, ak Plato Santral prodwi yo chak 27%,26% ak 22% kantite pistach ki fèt nan peyi a. Sa ki bay an tou 75% pou tout peyi a.Yon lòt kote, plis pase 70% tè kote yo rekòlte pistach nan lane 2016, se nan twa depatman sa yo, swa 27 èkta sou 38 000.[31]Men komin ki bay plis pistach, se Gonayiv nan Latibonit; Beladè, Tomonn, Tomasik ak Sèkalasous nan Plato Santral; Gran Basen, Kapotiy ak Wanament nan Nòdès; Tigwav ak

[31] MARNDR.résultats des enquêtes nationales dela Production Agricole, année 2014, Port-au-Prince: MARMDR, San okenn dat.p.30-31

Lagonav nan Lwès.[32]Se plis nan zòn sèch nan depatman sa yo nou jwenn pwodiksyon sa yo pandan twa sezon nan lane a: prentan, otòn ak livè.[33]Chif MARNDR yo pèmèt nou dekouvri pwodiksyon pistach la kontwole 97% tout kilti plant ki bay lwil nan peyi a. [34]Nan lane 2016, chak èkta pistach te bay 0,47 tòn.[35] Sa reprezante sèlman 28% rannman parapò ak nan nivo mondyal ki li menm egal 1, 7 tònn pou chak èkta.[36]

An Ayiti, nou jwenn 35 000 pwodiktè fanm tankou gason kap pwodwi sou yon mouchwa tè ki soti 0,1 èkta rive 1,5 èkta. Laplipa nan yo se pwopriyetè tè ou byen se lwe yo lwe tè a.[37]Se ak zouti manyèl tankou binèt moun yo plis travay. Yo pa itilize anpil angrè. Yo kontante yo sèlman ak semans lan epi ak travayè yo. [38]Fanmiy ki nan pistach la sekle tè a yo menm, seche epi estoke rekòt la yo menm. Yo vann 95% rekòt la nan mache lokal la[39] Yo manje epi yo fè semans ak 5% ki rete a.[40]

Yo vann pistach san kale nan tout peyi a. Plizyè kote yo pwodwi anpil pistach yo ale vann li dirèkteman nan plizyè mache. Konsa, yo vann pistach ki soti nan Grandans nan plizyè vil tankou Pòtoprens, Okay, SenMak ak Jeremi.[41]

Transfòmasyon pistach la, se yon aktivite nou rankontre nan tout peyi a. Men se sitou nan milye ki pre vil yo ak nan vil sa plis fèt.[42]An jeneral, yo pa ekspòte pistach ak tout po, men genyen yon bon valè nan kantite yo pwodwi nan zòn pre frontyè a, yo vann an Dominikani.[43]An menm tou, nou jwenn kèk tòn manba etranje sou mache a malgre pwodiksyon nou ki rive plizye milye tòn.[44]

Dapre yon etid sou filyè pistach la nan Plato Santral", [45] Arachid nou rele isit Pistach, se yon kilti trè kouran an Ayiti ke agrikiltè yo apresye anpil" poutèt li pa

---

[32] Pont du Jour,F.R. Contribution à l'étude de la filière arachide en Haïti,opcitp33
[33] MARNDR. Résultats des enquêtes Nationales de la Production Agricole, Année 2014/ op.cit p.3031
[34] MARNDR. Recencement g'néral de l'agriculture. POt-au-Prince: MARNDR,2009
[35] MARNDR. Résultats des enquêres nationales de la Proc=dction Agricole, année 2016 Port-au-Prince: MARNDR, san date.p15-16
[36] USDA .Foreign Agriculture Service"World Agricultural Production"" Circular Series WAp7-19, july 2019 An liy https://apps.fas.usda.gov/psdonline/circulars/production.pdf
[37] Point du Jour op.cit p 37.Dapre Point du Jour(p52)genyen lòt etid ki di mesyedam pwodiktè yo rive 150000
[38] Fondasyon FonKoze et Mennonite Economic Development Associates(MEDA). Anlyse des chaînes des valeurs pour la pistache et le piment dans le Plateau Central d'Haïti septembre 2014, p15-18;Schwartzbord,J.lanotti,L. et Smith, C.Af Control and Livelihoods among peanut Farmers in Northeast Haïti: A formative Survey, Étude faisant partie de la thèse doctorale de Schwartzbord, JR.Aflatoxine contamination, Human exposure and opportunities in the Haítian Peanut Value Chain, University Cornell, 2015, ch.4 p55-81
[39] Point du Jour op.cit, p. 37.
[40] Fonkoze et MEDA op.cit p18-19
[41] Point du jour: Contribution à l'étude de la filière arachide en Haïti,op.cit.p 35-36-38.
[42] ibid. p.39-40
[43] ibid,p32.Agwoekonomis Frantz Roby Point du Jour te di nou li menm li pa rive genyen okenn presizyon sou ekspòtasyon pistach la.< Mesaj elektwonik novanm 2019
[44] bid.p 32
[45] Fonkoze et MEDA,Analyse des chaînes des valeurs pour la pistache et le piment dans le Plateau Central d'HaIti,opcip13

pè sechrès. Pou rezon sa a, " okenn nan agrikiltè nou te fè entèvyou ak yo pa menm ka sonje depi ki lè yo te pèdi tout yon rekòt akòz move kondisyon tan an.[46]

Nou konstate nan etid sa a, se Valencia ki se varyete pistach yo plis plante nan peyi a. Sezon li dire de(2) mwa ak 20 jou. Sa ki pèmèt yo fè de(2) rekòt chak ane si genyen ase lapli[47] epi menm twa rekòt nan tè wouze. Men An Ayiti , yo plis plante pistach nan sezon lapli.[48]

Malgre tout enpòtans li, filyè pistach la pa twò byen òganize nan peyi a. Ni fanm, ni gason yo pa espesyalize, pwodiksyon an gaye, anpil vòltijè epi transfòmasyon an rete nan nivo atizanal.[49] Agwoekonomis Frantz Roby Point du Jour souliyen moun sa yo kap pwodwi a pa montre okenn anvi pou yo òganize yo malgre" egzistans kèk òganizasyon nan mitan pwodiktè yo." paske yo epapiye, li trè difisil pou genyen yon koòdinasyon. [50]Anplis filyè sa a pa genyen garanti pou lontan nan jan kondisyon pwodiksyon yo ye ki lakòz anpil erozyon pou jan dlo bwote tè yo ak van nan zòn pwodiksyon yo.[51]Epi tou, Leta pa bay filyè pistach la priyorite li merite nan politik agrikòl li jodi a.[52]

Kantite pistach nou bezwen pou piti, se 40 000 tòn chak ane[53] tandiske sa nou ofri sou mache a apeprè 30.000 tòn.[54]Aktyèlman, akoz gwo diferans ki separe sa nou ka ofri sou mache lokal ak demann ki genyen an, mete sou sa, nivo enflasyon an ki wo anpil, pri yo ogmante pou jan li te ye nan lane 2000. Nou anrejistre tou anpil monte desann nan pri yo dapre sezon an sètadi antre rekòt la ak peryòd plantasyon an. Monte desann sa a konnen sòti 25% rive jous 57 selon rejyon an. [55]Konsa, yon pwojè agrikòl Oxfam ki chita sou chenn valè pistach ak manyòk nan Gran Nò a montre nan lane 2014, pistach la pa rapòte agrikiltè yo gran choz apre rekòt la. Poutan si yo ta rive estoke li pandan de(2) ou twa mwa, pri a tap ogmante epi sa pèmèt resèt yo ogmante 25%.[56]

---

[46] ibid p15
[47] ibid.p13
[48] Point du Jour(Mesaj elektwonik, novanm 2019)
[49] POint du Jour,F.R. op cit p.37,43,49
[50] ibid p 48
[51] Bargout, R.N et RaizadaM.N "Soil nutrient management in Haïti,pre, Columbus to the present day.Lessons for future agricultural interventions. Agriculture and food Security, vol 2 no11, 2013,p2-3
[52] Point du Jour ibid.p 48
[53] ibid, p 32
[54] ibid.p31
[55] ibid. p32
[56] Rapport mensuel interne.Projet d'amélioration durable des filières agricoles porteuses(manioc et pistache) dans les communes de Limonade et de Fort-Liberté(axe Nord-Nord-Est)) Oxfam-en-Halti, 2 décembre 2014

Kèk lide sou pwodiksyon an nan Plato Santral.

Nan Plato Santral, pwodiktè regilye a plante 15 rive 20 mamit pistach. Li espere yon rekòlt soti 5 rive 12 barik sa vle di soti 200 rive 480 mamit.[57]Nan zòn sa a, yo pa itilize anpil angrè. Yo plis itilize travayè ni nan plante, ni nan rekòlte[58] ki koute sòti 2500 goud rive 3000 goud pou yon èkta.

Pri sou mache a varye anpil nan Plato Santral: mamit lan konn vann 50 goud anvan rekòt, men 35 goud apre rekòt. Konsa, gwosè pwofi yon ti eksplwatasyon agrikòl varye tou sòti 15% rive 25% selon kantite lajan li te depanse. Sa depann de pri sou mache a, tan an ak kalite angrè a. [59]

Kèk lide sosyal ak ekonomik sou mesyedam pwodiktè pistach yo nan Gran Nò a.

Nou jwenn de (2) etid ki fèt sou Gran Nò a ki abouti ak menm konklizyon an. Dabò pou pwodiktè Oxfam akonpanye nan yon pwojè li nan Gran Nò a, 85 % depans ki fèt nan kilti a ale jwenn travayè yo, sitou nan travay ki konsène batay kont ewozyon nan zòn pandye yo. Rès 15 % , se pou achte semans.(Gade tablo 1).[60]

Yon lòt kote, yon ekip rechèch Inivèsite Cornell ak Inivèsite Whasington nan St Louis, J. R. Schwartzbord t ap dirije te mennen, te etidye ka 109 pwodiktè fanm tankou gason nan depatman Nò ak Nòdès nan zanviwon Balenbe, Novyon, Plèn di Nò, Pò Mago ak Kapotiy: [61]

"Ankèt nou mennen sou 109 agrikiltè montre nou ke majorite nan yo pratike yon agrikilti soutni kè. Yo konte sou kèk zouti manyèl tradisyonèl. Sèlman 5,7% sou chak 100 deklare yo sèvi ak remèd(fonjisid) pou konbat parazit ki atake fèy yo. Pa genyen youn nan yo ki te gen tè wouze. Sou chak 100, 40 nan yo deklare zafè kredi a ki monte bwa, se yon baryè pou pwodiksyon an. An tou, kategori moun sa yo fè nou kwè ke yo nan yon sistèm esplwatasyon ki pa genyen anpil mwayen. Sèl 20 sou chak 100 nan yo te okouran egzistans aflatoksin nan. [62]

Anplis, etid la pèmèt nou dekouvri pa genyen okenn nan patisipan yo ki te manm yon òganizasyon peyizan fòmèl. Pami 109 moun sa yo, se 11 sèlman sou chak 100 nan yo ki vann pistach yo nan yon koperativ... Men yon lòt bò, plis pase 70 nan yo sou chak 100 angaje travayè pou plante, sekle, ak rekolte. Sou chak 100, 83 nan echantiyon yo, Schwartzbord et al, plante varyete pistach Runner.

---

[57] Fon KOze et MEDA. Analyse des chaînes des valeurs pour la pistache et le piment dans le PlateauCentral d'Haïti, op.cit p18(La marmite est un instrument traditionnel de mesure qui n'est pas standard et qui est modifié à volonté.)
[58] ibip18-19
[59] ibid,p 19
[60] Rapport mensuel interne, Oxfam-en-Haïti
[61] Schwartzbord et al. Af Control and LIverhood Among Peanut Farmers in Norheast Haiti,op,cit
[62] ibid, p 55(tradiksyon Tonny Joseph)

Preske yo tout, sa vle di 98 sou chak 100 plante lòt kilti tankou pwa an menm tan ak nan menm jaden an ak pistach la. 57 sou chak 100, fè lòt djòb ki pa nan lagrilti.

Tablo 1. Depans ak rantre pwodiktè pistach fanm kon gason nan Gran Nò.

Aktivite	Yon Grenn	Kantite	Pri yon Gren (goud)	Pri total (goud)	Pousantaj Depans yo
Vant Pistach	Mamit	254	60	15 240	
Total (goud)				15 240	
Sa Pwodiksyon yo Koute					
Preparasyon tè a	Mendèv	1	2 000	2 000	18 %
Semans	Mamit	21	80	1 680	15 %
Plantasyon	Mendèv	1	1 000	1 000	9 %
Antretyen (saklaj 2 fwa)	Mendèv	2	1 800	3 600	32 %
Frè pou Rekòlt la	Konbit 8 moun	6	500	3 000	27 %
Total (goud)				11 280	
Maj brit (goud)				3 960	

Sous : Oxfam-en-Haïti (2014)

Schwartzbord et al. montre yon sitiyasyon ekonomik ki tèt koupe ak etid ki te fèt deja nan peyi a.[63] Sou chak 100 moun, preske 75 nan yo, se te gason. [64]Chak fanmiy sa yo te genyen apeprè 5, 6 moun, yon valè ki pi wo parapò ak rès peyi a

[63] Point du Jour, F,R. op.cit; Fonkoze et MEDA op.cit.
[64] Schwartzbord et al. op.cit. Cf. PLuiose.L Economik Impact of Cooperative Peanut Marketing on Subsistence Farming in Haïti. Pennsylvania State Universitu, 1991

ki se apeprè 4, 6 manm[65]. Pami 109 moun sa yo, 64 sou chak 100 di yo te frekante lekòl primè oubyen pa te ale lekòl ditou.

Schwartzbord et al. envite nou pou nou manyen ak anpil pridans chif agrikiltè yo bay sou revni yo akoz erè nan moun yo te chwazi yo epi deklarasyon yo. Anpil nan yo pa genyen yon kaye espesyal kote yo note depans ak rantre yo. Genyen lòt yo menm ki pa vle fè deklarasyon sou sa. Men, ekip rechèch la fè pwòp kalkil pa li nan yon linèt jeyometri sou nivo revni total pou yon ane pou tout 109 moun yo. Kalkil sa a baze sou sa pwodiksyon pistach la rapòte, ak sa lòt aktivite yo rapòte. Kalkil la bay 836 dola ameriken pou yon ane. Ki donk, 2,29 dola ameriken pa jou. Kantite lajan sa a pi ba pase 2 dola 41 Bank mondyal estime yon moun bezwen pou li pa tonbe nan lapovrete.[66]

Yon lòt bò, Schwartzbord et al, twouve kantite apeprè lajan yon fanmiy depanse de (2) fwa pi wo pase sa chak grenn mesye dam agrikiltè yo depanse . Depans sa yo ale sitou nan manje, edikasyon ti moun yo ak swen lasante. 80 sou chak 100 moun nan sondaj la deklare genyen lòt manm nan fanmiy la ki patisipe nan depans yo. Se sa ki eksplike diferans lan.

ANALIZ SOU MIWO-MIBA NAN MITAN FANM AK GASON NAN ZAFÈ PLANTE AK VANN PISTACH LA.[67]

Pwodiksyon an

Pwojè Oxfam lan nan Gran Nò montre pwodiksyon pistach la pou majorite moun yo pa fè pati prensipal aktivite yo. Se yon aktivite segondè li ye pou yo. Depi Institut de Developpement Agricole Industriel(Esntiti devlopman agrikòl endistriyèl) ki te simaye yon varyete ki donnen vit tankou Valencia, branch filyè sa a pa benefisye okenn ankadreman teknik.

Anplis pwojè a montre tou jeneralman, sou chak 100 moun, nou jwenn 70 gason ki patisipe nan pwodiksyon pistach la sòti depi nan plante rive jous nan rekòt. Medam yo, se 30 sèlman ki patisipe nan aktivite sa a. Gason yo anjeneral okipe nan prepare tè, plantasyon, rekòt. Fanm yo patispe apèn 20%. Men yo patisipe plis pase 75% nan vant pistach la.

Vant lan

Menm pwojè Oxfam nan montre genyen yon latriyè entèmedyè Madan Sara ak ti komèsan sitou fanm ki pran pistach la ak tout po depi nan men mesye dam

[65] Vernr, D et Egset, W, Social Resillience and State fragility in Haïti: A word bank Country Study, Washington DC. The World Bank , 2007.
[66] Banque mondiale: The world Bank in Haïti. An liy. https://.www.worldbank.org/en/country/haiti/overview
[67] Note tirée des rapports internes. Oxfam-en-Haïti,2014

pwodiktè yo rive jous nan transfòmasyon nan yon kondisyon transpò difisil. Se preske 100 pou 100 fanm ki fòme entèmedyè sa yo. Se nan sektè enfòmèl la komès sa fèt epi yo sèvi ak mamit ni pou vann ni pou achte. Lè rekòt la fini fè chimen li, pri pistach la double.[68]

Menm jan an, dapre yon etid Fonkoze ak Mennonite Economic Development Associates, achtè Pòtoprens yo ale achte pistach la PlatoSantral nan mache Laskaobas." Tankou anpil mache agrikòl an Ayiti, chimen pwodiksyon ak komèsyalizasyon an fann pak an pak. Genyen yon pil pwodwi an ti kantite ki sòti nan anpil ti jaden izole ki pase nan men yon gran kantite ti machann nan anpil mache riral anvan yo rive kay konsomatè yo."[69]

TRANSFÒMASYON AN [70]

Se preske tout pwodiksyon pistach la yo rive transfòme. Yo itilize 95% nan fè manba.. Yo griye lòt 5% an ou byen yo fè tablèt ou byen karapina (pistach melanje ak sik ak lòt epis). Genyen anpil kote yo fè transfòmasyon an anpil.[71] .Nan sèten zòn kote transfòmasyon an fèt, se yon fason atizanal, ou byen kèk fanmiy ki itilize motè. Men preske pa egziste endistri ou semi endistri k ap mennen aktivite sa a.

Transfòmatè yo ka rive antou jouska 10 500. Yo fòme yon ansanm kote youn pa sanble ak lòt. Pa genyen anpil transfòmatè yo ki espesyalize nan metye sa a.[72]Nou distenge de(2) gwoup transfòmatè.

Fabrikan manba[73]

Se gwoup ki pi enpòtan an. Yo rive jouska 8 000. Nou jwenn:

- 7 500 ti atizan fabrikan ki posede ti moulen alamen. Yo pa ka transfòme plis pase 55 kg pistach nan yon jounen. Men yo kontwole 65% pwodiksyon an.
- 250 ti atizan fabrikan ki posede ti moulen amotè. Yo ka moulen 300 kg nan yon jounen. Nou jwenn fabrikan sa yo nan Nò, nan blòk Okap, Katye Moren, ak Limonad.
- 100 transfòmatè òganize ki posede moulen amotè. Yo ka moulen 5 a 10 fwa plis pase lòt kategori a. Nan gwoup sa, nou jwenn sèlman 6 sosyete agwoendistriyèl ki ase gwo(Boulanjri Advantis, Rebo, Dory, Verone ak

[68]ibid. Madan Sara sont de petits commerçants qui achètent et vendent différents types de produits et relient les zones rurales aux villes et villages. Presque toutes sont des femmes..Vor par exemple, PAM,Analyse du marché, Haïti, rome, PAM 2016. p 6
[69] Fonkoze et MEDA, op.citp 13
[70] Jean.J. C et Saint-Doc, R, Étude filière de l'arachide produite à la Gonâve, Service chrétien d'Haïti(SCH),2005
[71] MARNDR.op.cit 2014
[72] Poin du Jour op.cit p.39-40
[73] Fon Koze et MEDA op.cit et TechnoServe, Haitian Peanut Sector Assessment : Strategic industry and Value Chain, Washigton , DC, TechnoServe,2012

Itala Pòtoprens ak Pidy Senmak). Nou jwenn tou 14 etablisman kote se kongregasyon sè (relijyez) kap dirije yo. SèTerezya nan vil Ench yo plis konnen nan gwoup sa a ak yon senkantèn òganizasyon fanm anpil kote nan peyi a(sitou nan Nò, Lwès, Sidès, (Sid ak Grandans).

Laplipa transfòmatè sa yo reyini nan yon Asosyasyon nasyonal transfòmatè fwi (ANATRAF) Asosyasyon sa a jwenn sipò ACTED ak lòt ONG kap travay nan peyi a.

Fabrikan tablèt, pistach griye ak Karapina.[74]

Responsab fabrikan sa yo ki apeprè 2500, se plis ti machann ki pa genyen ni gwo woulman lajan, ni ekipman. Sou chak 100, 80 se fanm. Kidonk, kantite pistach kategori sa a itiize fèb anpil. Men pistach griye trè popilè sou mache lokal la. Anpil moun apresye li pou valè vitamin li ak lòt vèti li genyen ankò. Bò kote pa li, karapina ap pran plis fil chak jou pi plis. Yo kòmanse achte li anpil nan lari tankou sa fèt pou pistach griye a.

Pwodwi ki transfòme yo

Pistach yo transfòme a epi yo vann nan parèt sou plizyè fòm ak sou plizyè non.[75]

- PIstach griye, tankou non li endike li. Se chofe yo chofe pistach la nan yon chodyè sèk ak yon ti sèl jouskaske li vini mawon.
- Pou tablèt pistach la, yo griye li nan siwo jouskaske li fòme yon pat pwès. Apre yo vide melanj lan sou yon plato .Yo te pase yon ti lwil sou plato a anvan. Li rive fòme yon ti blòk apeprè 3 santimèt epesè. Yo koupe blòk la an ti moso lè li fini frèt.
- Ni dous yo, ni tablèt yo, yo fabrike yo dapre menm prensip la. Yo griye pistach la anvan yo bwase li nan siwo. Selon jan yo manje li, yo rele li dous osnon tablèt. Yo fè dous la ak ji fwi alòske yo fè tablèt la ak siwo ou byen ak myèl
- Chanmchanm lan, se yon melanj pistach ak mayi yo moulen ou byen yo pile nan pilon jous li tounen poud ak enpe sik. Pafwa yo remonte gou a ak epis ki pa pike tankou kannel.
- Manba, se konsa yo relel “beurre d'arachide” nan kreyòl ayisyen. Souvan yo epise li ak piman " bouk osnon Scotch bonnet.
- Genyen lòt pla tou pare (APE) yo fè ak pistach. Genyen de(2) ONG Zanmi Lasante ki fabrike kalite pla sa a. (Nourimanba) ak Meds&food for Kids(MFK)(Medika Manba). Yo sèvi ak pwodwi sa yo pou nouri ti moun ki soufri yon malnitrisyon ki grav.[76]

---

[74] Jean et J. C et Saint-Duc,R op.cit
[75] Point du Jour. op.cit,p 34
[76] Partners in Healh.Fighting Poverty, Fighting Malnutrtion in Haïti, 2 octobre 2013. An liy.. https://www.ph.org/nourimanba-malnutrition-haiti-poverty: MFK, The solution. san datAn liy https://mfkhaiti.org/

Pwojè Oxfam nan Gran Nò pèmèt nou rekonèt ansanm aktivite tansfòmasyon pistach sa yo, se fanm ki fè yo.[77]

JAN NOU KONSOMEN PISTACH NAN PEYI A.

Tankou jan Schwartzbord et al note sa, "pistach la patisipe nan kalite rejim alimantè an Ayiti. Li se yon sous pwoteyin ak matyè gra, sitou kay moun ki nan sitiyasyon ensekirite alimantè ki pa genyen mwayen pou manje vyann."[78]Manba a, se yon pwodwi enpòtan nan manje chak jou ayisyen, epesyalman nan prepare tidejne sitou pou ekolye.

ASIRANS AK KALITE PISTACH YO ISIT: PWOBLÈM AFLATOKSIN NAN.

Nou rankontre yon kantite risk ak pwoblèm ki marye ak kalite epi asirans pistach la kèlkeswa kote li plante nan peyi a. Nou ka site alèji,kalkil renal ou nan pipi , li vini rans, li okside. Genyen menm risk mikrobyolojik tankou salmonèl. Risk sitou pou pistach nou fè isit la kontamine ak aflatoksin grav anpil. [79]
Genyen yon mwazi youn moun pa ka wè ak de grenn je li ki pwodwi yon toksin ki bay kansè yo rele aflatoksin ki ka kontamine pistach la byen fasil. Aflatoksin (C17h12O6), se yon chanpiyon ki pwodwi mikotoksin sa ki gaye sou grenn ki konsève nan yon milye ki cho epi ki imid (Aspergillus flavus. Aspergillus parasiticus).Li pa rekòmande pou manje pistach ki genyen tach,ki nwasi, rans, mwazi.

Aflatoksin nan nwizib ni pou moun, ni pou bèt. Li genyen yon gwo kapasite pou devlope kansè. Lè yo pran li an grann kantite, aflatoksin nan ka pwovoke anpwazonnman ak lòt maladi serye, menm kansè nan fwa[80]

Genyen plizyè pwodwi alimantè moun ak zannimo manje ki chaje ak aflatoksin[81]

---

[77] Rapports internes de projet Oxfam-en-Haiti,2014
[78] Schwartzbord et.al,op.cit,op 62.
[79] Ekip ki reyalize etid sa a remèsye toksikològ Jeremy Schwartzbord ki ranseye nou sou problèm ak asirans pistach la. Sou kalkil irinè a: Copelovitch,L"Urolithiasis in Children"Pediatric Clinics of North America, vol59,no 4, août 2012, p.881-886 An liy https://www.ncbi.nim.nih.gov/pmc/articles/PMC3426770/
[80] Mahnine,N.Étude de la consommation des produits céréaliers par les mycotoxines: cas des aflatoxines, de l'ochratoxie A. des fumonisines et des mycotoxines émergentes. Thèse de doctorat pour l'Université de Mohammed V. de Rabat, Maroc,4juillet 2017

Pwiske nou jwenn aflatoksin lan nan divès varyete manje epi lè nou konsidere nivo anpwazonnman li, li enpòtan anpil pou nou dekouvri metòd ak doz ki akseptab pou koresponn ak tout kantite prensip ki tabli nan plizyè lòt peyi.

Nou ka konbat toksin nan lè nou rekòlte plant ki rive nan matirite yo, seche yo pi rapidman posib yon kote pwòp, triye bon grenn yo epi estoke yo kote ki sèk epi ki pwòp.[82]. Genyen posibilite pou kontwole nivo aflaktosin lan nan pistach la depi yo itilize teknik kòrèk depi lè plantasyon an ak nan jesyon rekòt la. Pou sa, flite jaden yo ak pwodwi ki touye chanpiyon yo epi seche rekòt la nan bon kondisyon men tankou Schwartzbod et al di li, mesye dam ti pwodiktè yo [83], byen souvan pa fasil jwenn pwodwi pou flite paske tou senpman yo pa genyen mwayen epi pri yo monte men wotè. An menm tan tou, li enpòtan pou siveye konsekans flite a sou sante moun ak sou ekoloji a. [84]

Test yo fè yo konfime aflaktosin nan se yon pwoblèm byen serye ki touche pistach an Ayiti.[85]Popilasyon ayisyen an ki nan milye riral kou lavil montre anpil sinyal ke yo ekspoze ak aflatoksin. Epi jan nou konsomen pistach la anpil, se pi meyè siy ki montre jan nou eskpoze pou atrape aflatoksin nan. [86]An plis, toksikològ Jeremy Schwartzbord ak lòt konfrè li yo montre pistach ayisyen an pa koresponn ak prensip entènasyonal yo. Epi peyi a

---

[81] Kumar, P, Mahato,D.K, Kamle, M,Mohanta,T,K et Kang, S.G"Aflatoxins: A Global Concern for Food Safety, Human Health and Their Management"Frontiers in Microbology, vol 7,2017 ,p 2170 An liy https//www.ncbi.nim..nih.gov/pmc /articles/PMC5240007/

[82] Point du Jour. op.cit p 25-27

[83] Schwartzbord et al.AF, op cit.p69

[84] Pennslvania State University Extension. Potential/healh Effects of Pesticides,13 septembre 2017.An iiy. https://extension.psu.edu/potential-health-effects-of-pesticides; Mc Grath,M.T. What are Fungicides?2016 An liy https://www.apsnet.org/edcenter/disimpactmngmnt/topic/Pags/Fungicides.aspx.; Carrington,D."Alarming Ling Between Fungicides and Bee Declines Revealed"The Guardian, 29 decembre2017 An liy https://www.theguardian.com/environnment/2017/dec/29/alarming-link-between-fungicides-and-bee-declines-revealed:. Sur lecontrôle biologique https//aflasafe.com/

[85] Fonkoze et MEDA op.cit.Schwartzbord.J.R et Brown,.D.L :" Äflaxtoxin M1 in Haitian Peanut Products and Maise and the Safety of oil Processed from Contaminated Peanuts". Food Control, vol,56, octobre 2015,p114-118.

[86] Schwartzbord,J.R Leroy, J.L, Severe, L et Brown,D,L"Unary aflatoxin M1 in Port-au-Prince and A. Rural Commmunity in Haiti"Food additives and Contaminants: PartA, vol 33, no6,2016, p 1036-1042;Jeanty, Gr, Jr"Du beurre d'ararchide contsminé dans les rayons des super marchés"Le Nouvelliste, 12juin 2012 .An liy https://lenouvelliste.com/lenouvelliste/article/146069/Du-beurre-darachides-contamine-dans-les-rayons-des-supermarches ; Filbert, M.E et Brown,D.L"Aflatoxin Contamination in Haitian and Kenyan Peanut Butter and two Solutions for Reducing Such Contamination"Journal of Hunger & Environmental Nutrition, vol.7,no2-3,2012.p 321-332.

pa prepare pou anpeche aflatoksin nan simaye yon gwo anpwazonnman nan popilasyon an. [87]

Menm si ti pwodiktè yo apresye pistach la poutèt li pa pè sechrès, plant pistach ki manke dlo grandi ak anpil posibilite pou aflatoksin nan kontamine li.[88]Nan yon sitiyasyon kote mache a limite kon sa, grenn pistach ki kontamine a genyen anpil chans pou li pèsiste nan manje yo. Moun ki pi ekspoze sou plan alimantè yo genyen plis posibilite toujou pou yo kontamine. Fenomèn sa a vini sitou pi kritik toujou lè move kondisyon meteyo a lakòz yon rate jeneral sou mache alimantè a an Ayiti.[89]

Nan mwa jwen 2015, Feed the Future, Partners in Health, MFK ak Abbott en Haïti te reyalize yon atelye sou mikotoksin nan manje nan peyi a. Nan evènman sa a, pwofesè Dan Brown nan Inivèsite Cornell te deklare''' manba yo pwodwi an Ayiti a genyen yon kantite aflatoksin ki lontan pi plis pase 20 pati sou chak milya(ppb) FDA mande (US Food and Drug Administration) pou pa depase[90]. Nan yon lòt prezantasyon nan menm atelye sa a, pwofesè Lemâne Delva ak pwofesè Bénédique Paul nan Fakilte agwonomi ak medsin veterinè Inivèsite Leta Ayiti pwononse yon jijman ki klè tankou dlo kòk: " Nan ka sa a, otorite responsab peyi a, espesyalman ministè ki konsène yo(Agrikilti, Komès ak Sante piblik) oblije panse rapidman pou rive nan etap nesesè pou tabli prensip ak estanda pou endistri sa a.[91]

USAID soutni pwodiktè pistach ayisyen yo. Soti lane 2007 rive 2017,USAID sipòte pwodiktè yo nan seleksyone ak pwodwi pistach san aflatoksin an Ayiti gras ak yon seri pwojè ak konkou inivèsite ameriken ak ayisyen, ONG kap travay an Ayiti ak lòt patnè .

FINALMAN

Sou plan ekonomik, pistach la reprezante yon sous enpòtan pou mesye dam fèmye yo, mesye dam transfòmatè yo, epi sitou fanm yo paske yo reprezante 80

---

[87] Schwartzbord, J.R Emanuel, E,et Brown,D.L"Hati's Food and Drinking Water, A Review of Toxicological Health Risks"Clinical Toxology, vol51 no 9, 2013p,828-833
[88] Holbrook.C.C, Kvien,C.K,.Rucker,K,S., Wilson.D.M, Hook,J.et Matheron,M.E",Preharvest Afloxin Contamination in Drought-Tolerant and Drought-intolerant Peanut Genotypes"Peanut Science,vol 27, juillet 2000, p 45-48.
[89] Nou(chèchè ki owidwi etid sa a) remèsye Doktè Schwartzbord pou pati s a .
[90] Jeanty,G.J opciit
[91] ibid

sou chak 100 moun kap vann pistach an detay[92] (pistach griye, manba, tablèt elatriye) An plis sa, pistach la, se yon eleman kle nan manje majorite ayisyen.

[92] Jean Uc et Saint-Dicop.cit

4- BARYÈ AK OPÒTINITE YO

Filyè pistach Ayiti a chaje ak yon seri pwoblèm grav. Men tou, li egziste san okenn dout yon bann opòtinite pou aktè ki nan chenn valè sa a.

BARYÈ YO

Baryè ki genyen rapò ak pwodiksyon an.
Pami baryè ki makònen ak pwodiksyon an, nap note sitou:

- Manke òganizasyon lokal, depatmantal ak nasyonal pou reprezante enterè mesye dam ti pwodiktè yo.
- Kapasite finansye ti eksplwatasyon agrikòl yo fèb.
- Mank asirans osnon kredi agrikòl epi absans sipò Leta.
- Prezans yon seri entèmedyè ant ti eksplwatasyon ak konsomatè yo. Sa ki ogmante pwodwi yo nan chak may chenn pwodiksyon an. Sa ki fè pwofi a ap ogmante nan chak may chenn yo.
- Transfòmasyon an pa pèmèt vrèman yon gwo valè anplis.
- Itilizasyon yon seri teknik agrikòl ak zouti ansyen ki pase lamòd: pratik yon agrikilti manyèl ak mekanik alamen.
- Absans preske total de yon estrikti estab epi dirab pou rive jwenn bon jan ransèyman sou pri yo ak mache yo yon fason pou fasilite mesyedam pwodiktè yo, mesyedam antreprenè yo ak envestisè ki ta vle rantre nan domèn nan.
- Feblès nan kapasite estokaj. Se pa sèlman sou plan enfrastrikti ak teknik estokaj yo, men tou pou finansman pwodiksyon an. Si pa genyen bon jan mwayen estokaj,(ti eksplwatan yo obije vann rekòt yo pou yo finanse aktivite pwodiksyon yo).

Difilkite ki gen rapò ak transfòmasyon an

Anplis, se plis nan gran vil yo ke pafwa nou jwenn kouran elektrik. Kouran elektrik preske pa egziste nan milye riral yo, ki fè sou chak kay, se apèn 10 ki benefisye kouran sou 100. Konsa antrepriz transfòmasyon yo dwe asire yo menm kouran elektrik yo pou transfòme antrepriz yo nan bon kondisyon osnon pou kenbe pwodwi yo fre. Absans sèvis piblik sa a fè depans yo ogmante epi koze yon bès ekonomik. Anfen, itilizasyon gaz la ogmante tou risk polisyon ak kontaminasyon pwodwi yo.

Difikilte pou fè rive pwodwi yo nan mache yo[93]

An jeneral difilkite pou jwenn mache yo touche divès filyè agrikòl an Ayiti. Nou ka rezimel konsa baryè yo ki te deja byen fò anvan menm tranblemand tè 2010 la:

Gwo Defisi nan enfrastrikti yo

Anpil nan wout yo nan move eta. Nan laplipa zòn pwodiksyon yo, yo oblije transpòte pwodwi yo pandan plis pase 1nèd tan sou tèt ou byen sou bèt jiskaske yo rive sou yon wout tèsyè ou byen sekondè. Se la pou mete yo nan kamyon, pafwa yo fini kraze. Kamyon sa yo ap pran plizyè èd tan pou rive nan mache lokal la.

Difikilte pou founi mache yo regilyèman.

Mak fabrik pwodiksyon agrikòl an Ayiti, se yon bann ti esplwatasyon agrikòl kap pwodwi divès kalite kilti. Kidonk, se tout filyè yo k ap sibi menm pwoblèm yo nan sa ki konsène regilarite mache a ak pwodwi sèten kalite. Li difisil pou garanti matyè premye yo ak menm kalite a pou transfòmasyon endistriyèl, pou makèt lokal yo osnon pou vann aletranje. (Tou lè twa ka sa yo mande pwodwi ki posede menm wotè nivo kalite a).

Absans prensip sistèm kontwòl kalite moun ka fè konfyans epi ke yo rekonèt nan nivo entènasyonal.

Feblès enstitisyon aysyen yo ki toujou ap pèsiste trennen kòm konsekans grav mank règleman ak lwa pou kontwole kalite nan peyi a. Se yon seri règleman ak lwa ki pa evolye depi plis pase yon mwatye syèk. Laplipa lwa sa yo pase mòd epi yo pa konplè. Genyen anpil règleman ak lwa ki deja pare, men yo pa janm depoze yo nan Palman an. Mank tèt ansanm nan mitan enstisyon piblik yo ki chaje pou aplike mezi sa yo angrave pwoblèm nan. Pa egzanp, byenke laboratwa Tamarinier MARNDR dispoze ekipman ki nesesè pou detekte prezans aflatoksin nan pwodwi yo, absans pwosedi ki koresponn ak prensip yo epi ak mank pèsonèl ki byen fòme anpeche reyalizasyon analiz yo jan sa dwe fèt.

OPÒTINITE YO

An menm tan, pwodiksyon pistach la nan peyi a prezante tou bon jan opòtinite.

---

[93] MARNDR: : Plan de développement por la roissance agricole.Anexe7"Développement des filières et renforcement des systèmes de commercialisation, Port-au-Prince;MARNDR.2017,P4-7 An iy.
https:/agriculture.gouv.ht/view/01/IMG/pdf/annexe7.pdf

- Filyè a prezante kapasite pou li gwosi, kapasite pou ogmante valè li ak kreyasyon djòb ki ta dwe gide devlopman li.
- Pwiske yo transfòme jiskaske 95% pwodiksyon an, sa ki ajoute yon valè plis pase 200%.
- Demann nan jodi a plis pase sa mache a ofri.
- Li egziste tou yon mache lokal enpòtan pou tout pwodwi yo fè ak pistach la.
- Kote yo fè transfòmasyon pwodwi a kreye anpil posibilite travay pou pi devan.
- Kilti pistach la ap bese nan Dominikani[94], sa prezante yon posiblite pou voye vann lakay yo.
- Si filyè a jwenn sipò, yo ka tire kèk avantaj sou posiblite mache a prezante ak benefis sa ka bay.
- Aplikasyon nouvo teknik pwodiksyon sou tè ki nan pant yo ka pwoteje pi byen anviwonnman an.
- Dyaspora ayisyen nan divès peyi nan kontinan an reprezante yon debouche enpòtan ki merite pou eksplwate.

[94] Polanco. M"Mani: un cultivoqu se coloco en picada en el pais: ElCaribe,21 a0ût 2018. An liy.https:/m.elcaribe.com.do/2018/08/21/mani-un-cultivo-que-se-coloco-en--picada-en-el-pais/

5. PREZANTASYON REYALIZASYON ANKET KI SOTI NAN ETID SA A.

Pou apwofondi konesans nou sou filyè pistach la , PAPDA reyalize yon sondaj nan lane 2017. Nan chapit sa a, nap jwenn metodoloji, dokiman ak rezilta sondaj sa a.

METODOLOJI AK DOKIMAN

Anvan nou te antame sondaj la, nou menm chèchè yo, nou te li plizyè etid lòt chèchè ki fouye anpil pou byen konprann filyè pistach la an Ayiti. Nou te fè entèvyou ak kèk ekspè nan domèn nan tou.

Pou reyalize sondaj la, nou te pale ak 186 moun ki se yon echantiyon reprezantatif nan rejyon ki nan anviwon Pòtoprens, Plato Santral, depatman Nò ak Nòdès (gade tablo 2.)[95] Pami moun sa yo, 88,7%, se te fèmye (fanm ak gason); 4,3% se te machann(Madan Sara), 2,7% se te ti transfòmatè epi lòt 4,3% se moun ki tap mennen yon lòt aktivite ekonomik toujou nan chenn pistach la. Nan echantiyon sa a, sou chak 100 responsab fanmiy, 85,3% se te gason.

Yon lòt bò, chèchè yo reyalize 8 chita pale nan ti gwoup (focus group)

[95] Nou te kouvri komin sa yo pou etid la: Ench,Wanament,Tomasik, Sèka Kavaal, Mayisad, Kapotiy,Ferye, Fò Libète, Ti Gwav,Gran Gwav,Leyogàn, Ba Lenbe, PòMago ak Plèn di Nò..

Tablo 2 : Moun ke nou te fè entèvyou ak yo nan chak depatman yo ak metye ke yap egzèse.

Aktè gason kou fanm nan filyè pistach la	Depatman				Total	G Nimewo ak %	F Nimewo ak %
	Sant	**Nòdès**	**Lwès**	**Nò**			
Moun kap travay tè	37	47	45	36	165	135 (82 %)	30 (18 %)
Madan Sara	4	0	4	0	8	2 (25 %)	6 (75 %)
Machann Pistach griye	1	0	0	0	1		1 (100 %)
Machann Manba	0	0	1	0	1		1 (100 %)
Gason ak Fanm kap Transfòme Pistach la	2	3	0	0	5	2 (40 %)	3 (60 %)
Fabrikan *carapina a*	1	0	0	0	1	1 (100 %)	
Lòt bagay	5	0	0	0	5	1 (10 %)	4 (90 %)
Total	50	50	50	36	186	141 (76 %)	45 (24 %)

Sous : Enquête sur la perspective de l'arachide en Haïti menée par la PAPDA (2017).

LIMIT YON ETID KONSA.

Etid nou an prezante plizyè limit lektè yo pa dwe bliye

- Tankou lòt etid ki fèt sou chenn valè pistach la an Ayiti,nou konstate pwodiktè pistach yo dispèse nan tout milye riral yo epi yo pa manm okenn òganizasyon solid. Li pa fasil pou jwenn yon echantiyon ki reprezante sektè a.
- E ben, pami moun ki te reponn ankèt la, nou te konstate ke gen yon gran kantite agrikiltè gason plis pase fannm ki te banou opinyon yo. Nou pa te entèwoje yon ase kantite transfòmatè ki genyen diferans ekonomik nan mitan yo. Konsa nou ta ka enfòme nou sou diferans ki genyen ant ti ak gwo antrepriz, sou kèk kesyon sou kalite ak asirans sou pwodwi yo, sou

kantite pistach ki sòti aletranje, sou fasilite pou jwenn kredi epi kontak ak desidè yo.

- Nou te pale sèlman ak kèk Madan Sara, sa ki vle di nou pa ka bay yon lide jeneral sou sikonstans yo ak opinyon yo.
- Akoz resous nou ki te limite, nou pa te fè okenn rechèch nan depatman Latibonit ak nan Gran sid. Sa ki fè echantiyon nou an pa reprezante reyalite nasyonal la dapre yon vizyon geyografik. Epi, etid la pa konsène youn nan prensipal zòn pwodiksyon an ki se Latibonit.

REZILTA

Tankou lòt etid sou filyè pistach la rapòte li [96] sondaj la montre aktivite pwodiksyon, transfòmasyon ak komèsyalizasyon pistach la ap dewoule nan yon sitiyasyon lapovrete epi tou metòd pwodiksyon an toujou rete tradisyonèl.

- Benefis kilti ak transfòmasyon pistach la pa rapòte ase pou kouvri sèten depans vital. Plizyè nan moun sa yo ki nan filyè a mennen lòt aktivite pou yo ka rive reponn ak bezwen yo. Pami aktivite sa yo, nou jwenn moun ki nan taksi moto, kap mennen lòt aktivite ou byen tou lòt kilti agrikòl tankou manyòk, yanm, bannann, pwa, legim, mayi. Nou ka konpare sitiyasyon sa ak sitiyasyon lòt ti pwodiktè fanm ou byen gason nan lòt rejyon nan Karayib la. [97]
- Mesye dam fèmye yo te itilize diferan metòd pou prepare tè yo; 32,1 sou chak 100 itilize chari; 55,8 sou chak 100 te fè konbit[98]; 7,9 sou chak 100 sèvi ak machin agrikòl; 4,2 sou chak 100 itilize lòt zouti.
- Sou chak 100 gason nou te kesyone, 37 nan yo te analfabèt tandiske pou medam yo sou chak 100, se 44 ki te analfabèt.
- Moun nou te kesyone yo genyen plizoumwen 6 pitit.

Yon lòt kote, laj moun sa yo se te plizoumwen 51 lane. Mesye dam fèmye yo te genyen apeprè 24 lane depi yap egzèse aktivite sa a. Madan Sara yo menm, se depi apeprè 13 lane. Machann pistach griye yo menm se depi 20 lane, 12 lane pou transfòmatè yo epi 11 lane pou lòt moun ki nan filyè a.

---

[96] Fon Koze et MEDAop.cit
Point du Jour pp.cit
Schwartzbord op.cit

[97] Paul,J L, Bory,A. BellandeA,Garganta E. et Fabri,A"Quel système de référence pour la prise en compte de la rationalité de l'agriculteur: du système agricole au système d'activité"Les cahiers de la recherche-développememt., no 39,1994,p.7-19

[98] konbit, se yon mo kreyòl ki vle di yon gwoup pataj ak travay. Se yon tradisyon ki gen yon baz kominotè nan zòn riral Ayiti.

Plizyè nan moun nou te kesyone yo plede pou yo ta jwenn yon akonpayman Leta nan aktivite yo. Men poutan, youn nan yo pa jwenn okenn apwi nan men Leta ayisyen, ni okenn èd òganizasyon lokal ou byen entènasyonal.

Men sou chak 100 nan yo, 97 deklare yo pa manm okenn regwoupman ni plantè pistach, ni transfòmàtè ni Madan Sara. Paske yo pa jwenn okenn apwi epi yo pa manm okenn òganizasyon, sa anpeche yo kòlte ak gwo defi ki genyen anndan sektè a tankou jesyon vèmin, sechaj nan pi bon kondisyon, sechrès ak estokaj. Anplis, akoz absans soutyen òganizasyon ak alye, yo pa ka fè reprezantasyon nan Leta.

Pami mesye dam agrikiltè nou te kesyone yo, sou chak 100, 59,4 se pwopriyetè tè yap travay la tandiske genyen 15,8 sou chak 100 ki se lokatè epi rès 24,8 la se demwatye. Chak moun konsakre apeprè twa ka kawo nan plante pistach. Kareman, paske yo itilize metòd tradisyonèl pou laboure ak pou sekle tè a diminye fòs konkirans ti eksplwatasyon yo devan gwo pwodiktè entènasyonal yo. Sou sa ki konsène varyete yo kiltive a, yo tout plante pistach peyi(varyete Runner) [99]Plis pase 97 sou 100 nan yo pa itilize angrè sou teren pa yo epi 93,3 sou 100 pa wouze tè yo. Apeprè sou chak 100 moun, 51 nan yo deklare ke li fasil pou yo pou jwenn semans epi 74,5 sou chak 100 rapòte se tout tan yo genyen pwoblèm ak ensèk. Nòmalman, yo netwaye jaden an de (2) fwa pou chak rekòt. Apeprè, yo chak anplwaye 14 moun pami yo 6 tifi lè plantasyon an epi 21 moun lè rekòt la pami yo 9 fanm.

Anfen, sou chak 100 nan yo, 97 pa jwenn kredi labank ou byen nan lòt enstitisyon finansye yo.

Mank mwayen pou estoke rekòt la ka reprezante yon gwo pwoblèm pou ti jaden yo. An reyalite, sou chak 100 fèmye, se 42,4 nan echantiyon nou te chwazi a ki dispoze yon depo pou estokaj.

Malgre tout difikilte sa yo, sou chak 100 moun nou te apwoche, 74,1 nan yo montre yo satisfè ou menm trè satisfè sou aktivite yap mennen nan chenn nan. Se 4,3 sou 100 ki di yo pa satisfè epi 21,6[100] sou 100 deklare yo plizoumwen satisfè. Laplipa fanm nou te kesyone yo di ke aktivite yo pèmèt yo pi gran moun nan nivo lajan. Sa pèmèt yo kouvri yon sèri depans pou kay la epi fè pwofi yo jwenn lan travay nan lòt aktivite. (Gade Tablo 3)Menm jan an tou, yon sondaj MFK reyalize nan lane 2018 nan depatman Nòdès montre anpil nan medam ki

[99] Point du Jour,FR.(Mesaj elektwonik, novanm 2019
[100] Sur la théorie de la satisfaction de l'emploi: Hackman, JR et Oldham, G.R" Motivation through the design of work"organizational Behavior and Human Performance, vol 16, no2,1976,250-279.

pwodwi pistach la itilize benefis rekòt la pou bouche gwo bezwen fanmiy lan tankou manje, swen lasante, ak frè lekòl ti moun yo.[101]

Tablo 3. **Nivo satisfaksyon mesye dam yo ki nan chenn valè a**

Aktè gason ak fanm ki nan filyè pistach la	Moun ki pa Satisfè ditou	Plizoum wen satisfè	Moun ki satisfè	Moun ki trè satisfè	Total
Moun kap travay tè	2	28	69	22	**121**
Madan Sara	3	0	1	4	**8**
Machann pistach griye	0	0	1	0	**1**
Machann manba	1	0	0	0	**1**
Gason ak fanm kap transfòme pistach la	0	1	0	1	**2**
Fabrikan *carapina a*	0	1	0	0	**1**
Lòt bagay	0	0	0	5	**5**
Total	**6**	**30**	**71**	**32**	**139**

Sous : Enquête sur la perspective de l'arachide en Haïti menée par la PAPDA (2017).

Malgre tout difikilte ak pwoblèm yo, chenn valè pistach la enpòtan anpil pou tout moun kap viv sou kont pwodwi sa a nan peyi a ak pou konsomatè lokal yo. Se poutèt sa, don ameriken an nan mwa mas 2016 la te soulve plim sou do anpil moun.

[101] MFK . Enquête sur les femmes productrices d'arachide `Ouanaminthe(sanane-au-lait, Savane-Longue er Gens-de- Nantes dans le cadre du projet AFLAH, 2018 An liy. https://aflah.fsaa.ulaval.ca/fileadmin/Fichiers/Photos_Aflah/ENQUETE_RAPPORT_SUR_LES_FEMMES_final_may_25.pdf

6. EKONOMI POLITIK DON PISTACH AMERIKEN YO AN AYITI: ÈD TOUT BON OSNON YON "DUMPING" AN KACHÈT?

Depi sa yo rele New Deal nan lane 1930 yo, gouvèvman ameriken bay pwodiktè pistach peyi li yon èd finansye ak lòt fòm apwi. Men estrikti pwodiksyon pistach nan peyi Etazini chanje anpil antretan. Nan lane 1949, plis pase 180 000 fanmiy te kiltive yo chak apeprè 5 ekta tè pistach. Chak ekta te bay apeprè yon tòn. [102] 70 lane apre, yo pa te plis pase 6,500 eksplwatasyon kote yo chak te plante anviwon 100 ekta pistach ak yon rannman apeprè 5 tòn pou chak ekta.(apeprè 3 fwa rannman mondyal la). Pwodiksyon ameriken an konsantre sitou nan yon ti ponyen Eta nan Sid Etazini. Eta Jòji pou kont pa li bay preske mwatye pwodiksyon an. [103]

Laplipa fèm sa yo kiltive lòt kalite pwodwi tou. Yo se yon bann antrepriz komèsyal trè konplike epi ki itilize teknoloji dènye kri, yo plante divès varyete pistach. Yo plis sèvi ak machin trè pèfeksyone pase ak travayè yo dirèkteman.[104]Nan peyi Etazini, laplipa pwodiktè pistach yo dipoze yon revni ki pi wo pase pi fò lòt yo an jeneral. Politikman, yo trè byen òganize. Yo itilize pwa politik yo pou yo jwen yon pakèt avantay ekonomik malgre richès yo deja genyen. Konsa yo angaje nan sa yon seri gran agwoekonomis rele"pure recherche de rente (yon rechèch ki base li sèlman sou fè pwofi)"[105]

Vèsyon ane 2014-2018 pwogram pistach (kakawèt) gouvènman ameriken an te ofri pwodiktè mwayen yo 75 000 dola chak ane, yon montan ki plis pase 50% apeprè sa yon fanmiy ameriken genyen menm si sa pwodiktè a rekòlte a monte apeprè 1,5 milyon. Pwopriyetè jaden pistach yo resevwa de(2) fwa limit pèman gouvènman federal la bay pwodiktè lòt kilti yo. Koup marye yo ou byen kap viv ansanm yo te ka resevwa 500 000 dola pou yon sezon. Sa gouvènman yo peye rive fè yon montan total 900 milyon dola nan yon lane soti 2014 rive 2016. Montan sa a reprezante prèske mwatye valè rekòt pistach la nan Etazini.[106] Anplis, gouvènman an fikse yon pri ki pa dwe rive pi ba. Si pri pistach la bese sou mache a, li prefere pran rekòt fèm nan pito li pran enterè sou lajan li te prete

[102] Goodwin,B.K et Smith,V,H Reflexions on the U.S Peanut Program. It's Nuts, Washington, D.C American enterprise Institue, 2018
[103] Schnepf. R 'Us Peanut Program and issues"Congressionnal Research Service Report R44156, 27 septembre 2016
[104] Goodwin,B.K et Smith. op,cit. ,p 4. Tradiksyon Tonny Joseph
[105] ibid, p 4-5
[106] ibid

pou ede komèsyalizasyon an. Se kontribyab ameriken yo ki peye frè konsèvasyon pistach la ki nan ka sa a, se pwopriyete Leta.[107]

Apre yon desizyon Òganizasyon Mondyal Komès (OMC an franse) ki te kritike desizyon ameriken an poutèt l ap soutni ak gwo lajan pwodiktè koton yo, yon bagay ki vyole règ OMC yo, lalwa ameriken nan lane 2014 ankouraje pwodiktè sa yo pou adopte pito kilti pistach.[108] Kan menm tou, OMC pa wè tou ak bon je sipò Leta ameriken bay pwodiktè pistach la paske sa kreye yon gwo ogmantasyon nan pwodiksyon pistach la. Etazini se katriyèm nan peyi sou latè kap pwodwi pistach epi yo vann pistach yo aba pri sou mache entènasyonal la. [109]

Ak tout gwo sipò gouvènman an, pwodiksyon pistach la nan peyi Etazini depase anpil demann nasyonal la. Mache entèn la pa ka itilize tout kantite sa a. Pwiske estokaj tout kantite byen sa yo gouvènman an te achte a koute anpil, sa mandel poul degaje li tankou mèt Jan-Jak pou li transfere kantite ki anplis la nan lòt peyi. Kantite ameriken vann nan peyi etranje ogmante 55% apre yo adopte lwa agrikòl 2014 la. Jodi a, Etazini twazyèm [110]nan vann pistach nan peyi etranje. Li vann aletranje soti 20 rive 30% rekòt li.[111] Kongrè(lachanm nan peyi sa a)ap egzèse anpil presyon pou tout rekòt pistach la, manba ladan li tou, rantre nan èd alimantè nasyonal ak entènasyonal pou fè ekonomi sou kantite lajan estokaj la koute. Estokaj la ka rive depase 50 milyon dola nan lane 2020-2021. Kongrè a nan menm presyon sa a, mande pou voye kantite anplis la nan lòt peyi. [112]

American Peanut Council (APC) se yon asosyasyon pwofesyonèl endistri pistach ki reprezante pwodiktè yo, moun kap kale pistach yo (dekòtikè) koutye yo, fabrikan pwodwi yo ak founisè yo.[113] APC kòm "kolaboratè"ofisyèl Sèvis agrikòl pou letranje USDA, resevwa chak ane 2 milyon dola nan fon piblik la pou devlope mache a aletranje.[114]

Nan deba pou renouvle lwa agrikòl ameriken nan lane 2018, Goodwin ak Smith deklare:

Pwogram sa ki la jodi a sou pistach la reprezante yon dènye bout nan sa ki regade lajan gouvènman an ap founi pwodiktè yo. Konsa, genyen nesesite pou yon chanjman majè, menm si se pa pou fini ak yon kalite gaspiyaj san vrè merit resous limite kontribyab yo, men dimwens pou mete nan menm nivo sipò lòt

---

[107] Schnepf, R op.cit
[108] ibi
[109] Goodwin,B.K op.cit
[110] Schnepf. ibid.
[111] Se dapre chif APC bay. https:/www.peanutsusa.com/export-promotion/export-promotion.htm
[112] Shields, DA"US Peanut Program and issues" Congressional Research Sevice Report, 19 août 2015
[113] https://.www.peanutsusa.com
[114] Shields, d.A,op.cit

pwodwi yo ap benefisye aktyèlman(yon sipò ki deja byen gra). Kontinye kenbe derapaj san fren, tren fiskal la, se tou senpman yon foli. [115]

Anpil politisyen ameriken dakò pou di kantite lajan gouvènman an bay pwodiktè pistach yo depase limit. Sa reprezante yon move politik piblik. Sa pa genyen okenn itilite pou peyi ki nan faz devlopman yo ki pwodwi pwòp pistach pa yo.[116] Poutan enfliyans politik pwodiktè ameriken yo mete ansanm ak alye li yo kote genyen menm manm nan Kongrè a kap sipòte kòz yo, fè nouvo lwa agrikòl 2018 rete tenn fas. Li kenbe "gaspiyaj san vrè merit sa a ti resous kontribyab yo".Tankou yon kòmantè agwoekonomis Barry Goodwin fè nan yon prezantasyon sou nouvo lwa sou agrikilti a nan mwa desanm 2018 "pistach la, se danre ideyal pou patisipe nan pwogram sa yo". [117]

Malgre presyon politik nan objektif pou transfere kantite pwodwi anplis yo sou mache mondyal la akoz lajan sa gouvènman an founi pwodiktè pistach yo, Ayiti pa reprezante yon pyon enpòtan. Se vre, peyi a konte prensipalman sou pwòp pwodiksyon pa li pou satisfè bezwen lakay li.[118]

Sityasyon sa a diferan ak sitiyasyon diri a, yon lòt kilti ki depase demann mache lakay li paske gouvènman ameriken sipòte li ak ak gwo kout lajan tou. Ayiti, se dezyèm mache sou latè pou diri ameriken an[119]. Depi lè nan lane 1995, gouvènman ayisyen an te preske elimine dwa dwàn sou presyon enstitisyon finansye ameriken ak entènasyonal, nou achte jodi a soti 80 rive 90% diri nou manje.[120]Dapre depatman Komès Etazini, nan lane 2017, diri Etazini an reprezante 96% valè diri nou achte lakay yo.[121]

Pandan 6 lane anvan USDA te fè Ayiti kado pistach li a nan lane 2016, te genyen plizoumwen apeprè 100 tòn pistach ameriken ki te rantre nan peyi a. Sa ki te bay apèn 0, 03% vant pistach ameriken nan peyi etranje chak ane(Gade Tablo 4). Nan ane 2016 la, sitiyasyon an monte men wotè akòz don ameriken an. Ayiti resevwa plis pase 80% nan tònaj pistach Etazini ekspedye nan ane sa a. Kantite pistach Ameriken voye vann an Ayiti a te monte twa fwa plis. Pandan de(2)

---

[115] Goodwin B.K et Smith.op.cit Tradiksyon Tonny Joseph

[116] Dyalòg Oxfam ak pèsonèl demokrat komite senatè ameriken nan Agrikilti, Nitrisyon ak forè yo. 2016 https://haitiadvocacy.org/wp-content/uploads/2016/05/Final/Letter.pdf ak https://spectator.org/ali-commodities-are-equal-but-some-are-more-equal-than-others/

[117] Presentation à l International Food Polocy Research Institute. An liy https://www.youtube.com/watch?y=c2O-OOyrXNM&index=48list=PLegdWbb3knJ9LPnROkPumzpAhgxFUasHK Tradiksyon Tonny Joseph

[118] SDapre chif FAO pibliye http:/www.fao.org/faostat/en/#home yon fason ki pa ofisyèl, se sèlman 18 tòn pistach san po ak 36 tòn manba ki te rantre nan peyi nan lane 2015

[119] Us Department of Agriculture/Economic Research Service, Rice Yearbook 2019. An liy https//www.ers.usda.gov/data-products/rice-yearbok/#US%20Rice%Trade

[120] Cohen, MJ"Diri Nasyonal ou Diri Miami? food.Agriculture and US -Haïti Relations" Food Security, vol5,no4, 2013p597-606:Cochrane.N.Childs,N et Rosen.S.Haiti's Rice Import.A Report from The Economic Reaserch Service.RCS-164-01, Washington: USDA, 2016. An liy. https://www.ers.usda.gov/webdocs/publications/39144/5601_rcs-16a-01.pdf?v=0

[121] Hati-Agricultural Sector,14 fevrier 2109An liy. https:// www.export.gov/article?id=Haiti-Agricutural-Sector

dènye ane sa yo, vant pistach ameriken an bese anpil ni nan kantite, ni nan valè. An plis, tandiske pistach ameriken an te reprezante 83% nan kantite pistach ki te rantre Ayiti nan lane 2016 la; kantite sa a te 23% nan lane 2015 epi sèlman 12% nan lane 2017[122] . Kalkil sa a fè nou panse ke don lane 2016 la reprezante yon dumping byen presi pito pase yon jefò nan tèt ansanm devlopman mache ameriken an.

Tablo 4. La vant pistach ameriken nan peyi a sòti 2010 rive 2018

Lane	Tòn metrik	% Ekspòtasyon Ameriken	Valè $ US
2010	215	0,09	439 613
2011	36	0,02	80 509
2012	108	0,04	296 728
2013	119	0,02	358 591
2014	60	0,01	142 442
2015	54	0,01	130 069
2016	**617**	**0,09**	**1 617 998**
2017	38	0,01	124 485
2018	22	Neglijab	84 417

Sous : Données de l'APC. [En ligne] [https://www.peanutsusa.com/export-statistics.html]
Notes : Comprend les arachides blanchies, en coques, décortiquées et transformées, ainsi que le beurre d'arachide.
Le tableau 2016 inclut le don d'arachide américain ».

Pòtpawòl USDA ak Nasyonzini ensiste pou di don pistach 2016 la pa sanse genyen move konsekans sou moun k ap pwodwi pistach an Ayiti akòz sechrès la ki te rèd epi don sa a te reprezante apèn 1,4% rekòt chak ane nan kalite pistach peyi a pwodwi. Direktè kominkasyon USDA, Matt Herrick, te deklare gouvènman ameriken ak ONI (Oganizasyon Nasyon Ini) ap mete yon kontwòl sere sere an Ayiti sou pistach ameriken an , yon fason pou yo asire pistach la ale jwenn

[122] Calcul chèchè etid sa a apati dokimam APC ki pibliye sou https://www.peanutsusa.com/export-statistics.htm/ ak dokiman FAO ki te pibliye sou http://www.fao.org/faosta/en/#data

dirèkteman lekòl ki nan pwogram nan. Bò kote pa li PAM fè kwè ke don sa a ap "patisipe nan amelyore rejim alimantè ti moun sa yo"[123]

Herrick te ekate tout posiblite pou ajoute pistach ayisyen an nan kantin eskolè yo. Li mete devan pwoblèm aflatoksin nan. Li fè remake tou"sèl izin an Ayiti ki pwodwi yon kantite manje ki genyen pistach ladan li, oblije pou kòlte ak kriz la jodi a nan nivo sante ak nitrisyon achte regilyèman pistach nan peyi etranje ki pa genyen aflatoksin[124]

Malgre tout asirans ak esplikasyon sa yo, plizyè atik jounal endike moun kap pwodwi pistach nan peyi a konsidere don sa a espesyalman tankou yon tantativ pou vini ak pistach ameriken an a bon mache sou mache ayisyen an pou detwi pwòp mwayen pou yo viv.[125] Fason yo konprann don sa a genyen rapò san okenn dout ak istwa relasyon agrikòl ant Ayiti ak Etazini ki long epi an menm tan anmè.[126] Istwa sa tou pa genyen sèlman rapò ak jan diri Miyami an toufe diri peyi a, men tou ak masak kochon keyòl nou an. Apre epidemi pès pòsin afriken nan Repiblik dominiken nan lane 1978, gouvènman ameriken an fè anpil presyon sou otorite ayisyen yo pou yo asepte masakre kochon ayisyen yo pou anpeche maladi sa gaye nan peyi Etazini.

Tout jefò USAID pou kochon ameriken yo rive ranplase kochon lokal yo tonbe nan dlo paske kochon ameriken sa yo pa ka kenbe nan kondisyon lokal yo. Nouvo kochon sa yo te mande yon nivo depans egzajere ki depase mwayen peyizan ayisyen yo. Plizyè nan yo te oblije mete ansanm pou elve yon pè kochon etranje sa yo alòkse anvan, yo chak te posede plizyè douzèn. Sa ki fè moun sa yo ki deja pa posede gwo mwayen te pèdi prensipal fòm epay yo nan dezavantay nivo lavi yo.[127]

Bò pa gouvènman ayisyen an, li deklare li pap apwouve lòt ekspedisyon èd alimantè ki genyen pistach ladan li ki sòti nan Peyi Etazini. Jou ki te 29 jwen 2016, yon gwoup reprezantan ONG entènasyonal ak nasyonal te rankontre minis agrilti ayisyen an ak konseye premye minis la pou diskite sou preyokipasyon baz la ak sosyete sivil ayisyen an sou move konsekans dumping ameriken an ki parèt sou pretèks èd sou sektè pistach lokal la ak sou mwayen lavi plantè pistach yo. Minis la ak foksyonè ke yo te rankontre yo konfime yap refize tout lòt kalite èd konsa. Yo te endike tou yo te travay ak USDA sou yon seri mezi pou anpeche pistach yo bay nan pwogram alimantè eskolè a pa fè chemen kwochi.[128]

---

[123] McFadden op cit. M Herrick, se ansyen pòtpawòl Oxfam Amerika
[124] ibi Tradiksyon Tonny Joseph
[125] ibid Haiti's peanut ProducersOppose500-tonne Us Donation"Al -Jazeera,28 août 2016 An liy https://www.aljazeera.com/news/2016/08/haiti-peanut-producers-oppose-500-tone-donation--160828045625248.htm ak Oswald T"Haitian Famers to the US goverment 'No to free peanut"HuffingtonPost 23juillet 2016 An liy https://www.huffpost.com/entry/haitian-farmers-to-the-us-government-no-to-free_b_579262dee-4b0a1917a6e91a5
[126] Plizyè nan nou te patisipe nan rankont sa a.
[127] Cohen, M.Jibid
[128] Plizyè pami nou te asiste rankont sa a

Kit pretandi chajman imanitè pistach nan peyi a te vize agrandi,pou pi devan, mache pistach ameriken nan nivo mondyal, oubyen si li te sèvi pou te reyalize yon egzèsis dumping byen presi, "don sa a " te mete seryezman an dout "koyerans" politik ameriken an. Dapre Barry, KIng ak Mattews:

Koyerans nan nivo politik pou devlopman(CPD ou byen KPD an kreyòl), se lè nan tout aksyon politik peyi rich yo ap mennen, kèlkeswa nan domèn politik entèn yo, yo apwiye ou dimwens yo pa anpeche objektif devlopman aletranje yo reyalize. CPD (KPD), se lè peyi devlope yo nan pratik yo reprezante enterè peyi ki pi pòv yo ki sou chemen devlopman nan tou chenn desizyon politik yo. Li la pou siveye pou envestisman nan èd etranje yo pa tounen yon pikan kwenna pou peyi sa yo.[129]

Chèchè sa yo fè remake ke jan peyi donatè yo soutni agriklti lakay yo ak gwo kout lajan, sa fè pri yo bese sou mache mondyal la. Sa kreye presyon pou fasilite dumping sou pwodwi anplis lakay yo. Se pi bèl egzanp mank" koyerans", movèz fwa, politik devlopman. [130] Don pistach ameriken an an Ayiti ofri pi gwo egzanp fenomèn sa a. Li difisil pou anvizaje ki zouti PAM, gouvènman ameriken ak ayisyen yo ta dwe adopte pou anpeche pistach la rive vann sou mache piblik lokal yo sitou lè nou sonje mak fabrik enfòmèl echanj yo sou mache a epi degre lapwovrete ak ensikirite alimantè ki domine nan milye riral ayisyen an.

Li trèzenpòtan pou nou raple sa pwiske pistach ameriken an jan li vann nan, tap fè konkirans fasilman ak pwodiksyon lokal la. Anplis, lè nou konsidere jan pri pistach la nan peyi a ap monte desann yon fason enpòtan swivan sezon yo sou mache lokal la, yon ogmantasyon san okenn kontwòl òf la ka fè pri yo bese pi plis toujou, yon sitiyasyon kap diminye tou benefis moun sa yo ki nan pwodiksyon pistach la [131]

Dapre kalkil FAO, pwodiksyon pistach nan peyi a te diminye 30% soti 2013 rive 2018[132], men peryòd sechrès la ki te long anpil te patisipe san okenn dout nan defisi sa a. Ni FAO, ni gouvènman ayisyen an pa te pibliye bon chif yo sou pwodiksyon an pou ane 2014-2018; li pa posib pou kalkile egzakteman pwa don ameriken an sou pwodiksyon ayisyen an.

Kan menm, don ameriken an te menase kraze jefò Etazini ak PAM te deplwaye depi lontan pou ede agrikiltè ayisyen yo, espesyalman ak jan yo te konnen ede ti jaden pistach yo.Youn nan prensipal reyalizasyon travay sa a,se te èd pistach san okenn pwazon ki te fèt nan peyi a yo te ofri MFK ak Partners in Haïti/Zanmi Lasante pou yo te ka pwodwi APE ak pistach. Pwojè sa yo te founi plantè pistach ayisyen yo anpil konsèy nan jan pou fè pwomosyon ak nan jan pou jwenn

---

[129] Barry F. King M et Matthew A. "Policy Coherence forDevelopment. Five Challenges"Irish Studies in International Affairs vol 21 2010,p133. TradiksyonTonny Joseph
[130] ibi,p 136
[131] chèchè yo remèsye Frantz Roby Point du Jour pou pwen sa a.
[132] http"//www.fao.org/faostat/fr/#home

pwodwi tankou semans amelyore, angrè ak pwodwi pou detwi parazit pou ranfòse rekòt la. An plis tou USAID te soutni fòmasyon agwonòm ayisyen pou yo espesyalize nan pwodiksyon pistach san afloksin[133] .Li te finanse tou rechèch sou wòl fanm yo nan chenn valè pistach la.[134]

PAM te premye ki te achte pwodwi alimantè ayisyen nan pwogram kantin eskolè sou yon gran dimansyon. Pwogram sa a te rive sèvi 485 000 elèv nan 1700 lekòl nan peyi a, sitou nan milye riral yo.[135]An plis, pèsonèl PAM lan di pandan li tap enfòme chèchè sa yo ki reyalize etid sa a, nan entèvansyon li apre siklòn Matthew nan lane 2016, ajans lan te achte nan APE kote MFK ki te founi pistach lokal depi yo pa te genyen aflotoksin nan kantite ki te disponib.[136]

[133] Fulmer,A éd"Haiti Peanut Research Report"University of Gerogia Extension Bulletin, no1499, octobre 2018
[134] Fulton,J.Aliyar,F.Chisi, M etWelch.E.External Evaluation of feed the future Innovation Lab for collaborative Research on Punut Productivity andMycotoxin Control, Washington,DC. USAID, 2016 An liy http://pdf.usaid.gov/pdf_docs/PA00MFGK.pdf-
[135] PAM.WFP Haiti Country Brief 2017 An liy https://reliefweb.int/report/haiti/wfp-haiti-contry-brief-march-2017
[136] Chita pale pèsonèl PAM ak MFK te fè ak chèchè yo.

7-KONKLIZYON AK REKÒMANDASYON.

KONKLIZYON

Don pistach Etazini te fè Ayiti a pa ka montre pi byen pase sa egzistans de(2) kalite agrikilti ki pap janm ka rankontre: yon agrilti peyizan nan zòn sèk anba kontwòl yon politik neyoliberal san okenn ankadreman teknik ak finansye anfas yon agrikilti trè devlope ki pwofite yon teknoloji dènye kri epi ki pwoteje plantè li yo.

De (2) modèl sa yo ap evolye nan de(2) sitiyasyon politik ki trè diferan. Sa ki make filyè ayisyen an, se gouvènman li an ki pa ofri li okenn akonpayman anfas filyè ameriken an ki benefisye bon jan èd finansyè nan men gouvènman li. Tankou nou te wè li, 6 500 pwodiktè ameriken ki deja ap viv nan afè bon, touche 900 milyon dola chak ane nan men gouvènman yo alòske isit an Ayiti, 35 000 agriklitè ki deja ap naje nan lapovwete pa resevwa anyen nan men gouvènman peyi yo, ni lajan ni okenn lòt asistans. Se konsa li fasil pou kreye yon dezekilib nan komès entènasyonal la nan mitan peyi Nò yo ak peyi Sid yo.

Menm si don 500 tòn pistach ke yo te bay Ayiti a te vize ofisyèlman pou lite kont ensekirite alimantè ak malnitrisyon kay ti moun ayisyen yo, men lè yon moun etidye an pwofondè don sa a, lap dekouvri objektif ki kache anndan don sa a, se te pito louvri vant mache ayisyen an bay pwodiktè pistach ameriken yo ou dimwens yon mwayen pou devlope yon dumping pou vann pistach yo pwodwi anplis la. Bagay sa a ap trennen yon move konsekans sou nivo lavi plantè pistach ayisyen yo. Nan sans sa a, don sa a trayi jefò gouvènman ameriken an te deplwaye pou ranfòse pwodiksyon pistach nan peyi a. Li riske pou bay pwodiktè entènasyonal yo yon avantay nan konkirans ant yo menm ak pwodiktè lokal yo. Pou pi devan, don sa tap trennen yon ogmantasyon kantite pistach etranje nan peyi a.

Si sa ta rive, konsekans sa t ap genyen, sa ta yon dezas pou plizyè milye Ayisyen pou jwenn mwayen pou yo viv ak pou filyè pistach la ki reprezante poutan pou popilasyon ayisyen an yon pakèt enpòtans. An fèt, dapre lèkti chèchè sa yo fè sou sa ki ekri sou pwodiksyon pisatach an Ayiti a ak dapre sondaj yo reyalize nan depatman Sant, Nò, Nòdès ak Lwès pou yo ka prezante rapò sa a, yo dekouvri laplipa aktè ki nan filyè pistach la satisfè nan aktivite yo. Majorite fanm nou te fè entèvyou ak yo rapòte patisipasyon yo nan chak may chènn nan pèmèt yo patisipe nan depans chak jou kay la, yon bagay ki louvri chemen endepandans finansyè yo. Yon lòt kote paske pistach la reziste anba

sechrès, se yon fòm asirans pou peyizan ayisyen yo ki pa genyen yon asirans fòmèl. Anfen, pistach la okipe yon plas trèzenpòtan nan nivo nitrisyon ak kiltirèl ayisyen an. Nan sans sa a, dwa gran moun Ayiti nan filyè pistach la te dwe yon objektif enpòtan pou politik alimantè peyi a. Yon objektif konsa te dwe okipe yon plas espesyal nan politik gouvènman ayisyen an.

REKÒMANDASYON YO.

- Leta ayisyen dwe apiye filyè pistach la pou li ka tire avantay benifis nouvo okazyon mache yo ofri. Pou li rive fè sa, lap ofri ou apwiye:
    1. sèvis rechèch, pwopagann ak fòmasyon teknik sou pistach la.
    2. fasilite plantè yo ak machann yo pou yo jwenn kredi.
    3. fasilite pou yo jwenn pwodwi ekolojik pou yo konbat parazit epi ak mwayen pou yo byen itilize yo. Yon dispozisyon konsa ap ede devlope mwayen kontwòl biolojik aflatoksin tankou pwodwi Aflasafe, Enstiti entènasyonal agrikilti tropikal devlope nan peyi Nijerya. Se yon pwodwi yo fabrike ak chanpiyon aspergillus ki responsab aflatoksin nan. Li posib pou jwenn pwodwi sa ki deja ap sikile an Afrik.[137]
    4. soutni koperativ yo, asosyasyon plantè yo ak machann yo.
    5. envesti nan enfrastrikti ak pwoteksyon resous natirèl yo.
    6. yon sèvis pou detekte aflatoksin.
    7. li ta bon pou otorite ayisyen yo pran mezi nesesè pou pwoteje plantè lokal yo kont konsekans devastatè pistach etranje yo ki deja benefisye bon jan konkou lajan gouvènman yo epi kont dumping la. Pwiske Ayiti fè pati peyi ki mwen devlope yo(PLMD), OMC pèmèt li devlope yon rejim pou li fikse taks yo san limit nan lespri pou asire pwoteksyon sa a.
    8. akoz wotè aflatoksin nan pistach aysyen an, li rete pridan pou evite manje pistach ki genyen tach sou yo, ki nwasi, ki genyen gou rans ou byen mwezi. Leta dwe mete yon pwogram pou edike konsomatè yo sou pwen sa a.
    9. Li ijan pou gouvènman ayisyen an tabli nouvo règleman nasyonal epi fè règleman ki egziste yo nan matyè asirans alimantè pwogrese. An plis, li dwe veye si transfòmatè yo jwenn bon kalite ak ase matyè premye epi tou asire kalite pwodwi yo. Se sèlman ak pi meyè règleman, kontwòl règleman sa yo, mezi ankourajan ak envestisman, risk pou aflatoksin sou sante piblik an Ayiti ap ka diminye. Konsa tou, pwodwi ki fèt ak pistach ayisyen ap prezante asirans pou vann anndan peyi a epi ka twoke kòn li sou mache entènasyonal la.
    10. li rekòmande pou plantè nan filyè pistach la òganize yo nan asosyasyon pou yo ka fè revandikasyon yo vanse, pou plede pou enterè politik yo ak pou yo jwenn kredi, asirans agrikòl epi tou ak aksyon nan tèt ansanm pou yon pi bon pataj valè anplis nan filyè a.

[137] https://aflasafe.com/aflasafe/what-is-aflasafe/

11. bayè fon yo tankou Etazini dwe kontinye ak èd yo konn bay nan filyè pistach la pandan yap evite pou mete kanpe politik komèsyal devan dèyè nan pwogram èd pou devlopman yap ofri nou, sitou dumping la.
12. tout sektè prensipal yo nan lavi nasyonal la tankou Leta, koperativ yo, bank yo, ONG entènasyonal yo ak òganis entènasyonal yo ta dwe envesti nan filyè pistach la ou byen akonpanye prensipal plantè yo paske yo prezante yon pilye ekonomik, kiltirèl ak nitrisyonèl ki enspire konfyans.

LIS RESEARCH BACKGROUNDERS

"Making Investments in Poor Farmers Pay: A Review of Evidence and Sample of Options for Marginal Areas," by Melinda Smale and Emily Alpert (2009).

"Turning the Tables: Global Trends in Public Agricultural Investments," by Melinda Smale, Kelly Hauser, and Nienke Beintema, with Emily Alpert (2009).

"Risk and Risk Transfer in Agriculture: Facilitating Food Security and Poor Farmer Participation," by Leander Schneider (2010).

"From the Ground Up: Strategies for Global Community-based Disaster Risk Reduction," by Kelly Hauser (2010).

"Impact of Climate Change on Response Providers and Socially Vulnerable Communities in the US," by John Cooper and Jasmine Waddell (2010).

"Climate Change and Violent Conflict: A Critical Literature Review," by Ellen Messer (2010).

"Under Pressure: Reducing Disaster Risk and Enhancing US Emergency Response Capacity in an Era of Climate Change," by Marc Cohen, Kelly Hauser, Ellen Messer, and M. Cristina Tirado (2011).

"Impact of Garment and Textile Trade Preferences on Livelihoods in Cambodia," by Sophal Chan and Sothea Oum (2011).

"In Need of a Better WASH: Water, Sanitation, and Hygiene Policy Issues in Post-earthquake Haiti," by Figaro Joseph (2011).

"Local Capacity in Humanitarian Response: Vision or Mirage?," by Michael Delaney and Jacobo Ocharan (2012).

"Systems, Power and Agency in Market-based Approaches to Poverty," by Chris Jochnick (2012).

"Measuring Economic Progress and Well-Being: How to move beyond GDP?," by Heloisa Marone (2012).

"Land Rights, Land Tenure, and Urban Recovery: Rebuilding Post-Earthquake Port-au-Prince and Léogâne," by Harley F. Etienne (2012).

"Haiti Rice Value Chain Assessment: Rapid Diagnosis and Implications for Program Design," by David C. Wilcock and Franco Jean-Pierre (2012).

"From Controversy to Consensus: Lessons Learned from Government and Company Consultations with Indigenous Organizations in Peru and Bolivia," edited by Emily Greenspan (2012).

"Community Consent Index: Oil, Gas, and Mining Company Public Positions on Free, Prior, and Informed Consent (FPIC)," by Marianne Voss and Emily Greenspan (2012).

"Harvesting Data: What Can 10 Years of Official Development Assistance Data Tell Us About US International Agricultural Development?," by Kelly Hauser (2012).

"Summary of reports on mining and development in the province of Espinar, Peru," by Gerardo Castillo Guzmán (2013).

"US Investment in Large-scale Land Acquisitions in Low- and Middle-Income Countries," by Joshua Humphreys, Ann Solomon, and Emmanuel Tumusiime (2013).

"Local Institutions, External Interventions, and Adaptations to Climate Variability: The case of the Borana pastoralists in southern Ethiopia," by Dejene Negassa Debsu (2013).

"Local Institutions, External Interventions, and Adaptations to Climate Variability: The case of southern Mali," by Rebecca Joy Howard (2013).

"The Power of Oil Palm: Land grabbing and impacts associated with the expansion of oil palm crops in Guatemala: The case of the Palmas del Ixcan Company," by Arantxa Guerena and Ricardo Zepeda (2013).

"Human Rights and Social Conflict in Oil, Gas, and Mining Industries: Policy recommendations for national human rights institutions," by Ben Collins and Lesley Fleischman (2013).

"The Rice Value Chain in Haiti: Policy proposal," by Carlos Furche (2013).

"Housing Delivery and Housing Finance in Haiti: Operationalizing the national housing policy," by Duong Huynh, et al. (2013).

"Development Assistance on Local Adaptive Capacity to Climate Change: Insights from Senegal," by Henri M. Lo and Emmanuel Tumusiime (2013).

"Agriculture Change, Land, and Violence in Protracted Political Crisis: An examination of Darfur," by Abdal Monium K. Osman, Helen Young, Robert F. Houser, and Jennifer C. Coates (2013).

"Sustainable and inclusive Investments in Agriculture: Lessons on the Feed the Future Initiative in Tanzania," by Emmanuel Tumisiime and Demund Matotay (2014).

"Feed the Future Investment in Haiti: Implications for sustainable food security and poverty reduction," by Danielle Fuller Wimbush and Cardyn Fil-Aime (2014).

"Delivering Aid in contested Spaces: Afghanistan," by Erin Blankenship (2014).

"The Drivers of Economic Inequality: A Primer," by Nick Galasso (2014).

"Ready for gold? Assessing Haiti's governance and regulatory capacity for large-scale mining," by Scott Sellwood and Stuart Levit (2015).

"Global Reach of the US Financial Sector," by Stephanie Fontana (2015).

"Climate change, equity and stranded assets," by Simon Caney (2016).

"Gender and Social Accountability: Ensuring women's inclusion in citizen-led accountability programming relating to extractive industries," by Sarah Bradshaw with Brian Linneker and Lisa Overton (2016).

"Transformative and Feminist Leadership for Women's Rights," by Shawna Wakefield (2017).

"The energy challenge in sub-Saharan Africa: A guide for advocates and policy makers: Part 1: Generating energy for sustainable and equitable development," by Nkiruka Avila, Juan Pablo Carvallo, Brittany Shaw, and Daniel M. Kammen (2017).

"The energy challenge in sub-Saharan Africa: A guide for advocates and policy makers: Part 2: Addressing energy poverty," by James Morrissey (2017).

"Political Rigging: A primer on political capture and influence in the 21st century," by Janine R. Wedel, Nazia Hussain, and Dana Archer Dolan (2017).

"Energy and Women and Girls: Analyzing the needs, uses, and impacts of energy on women and girls in the developing world," by Rebecca Rewald (2017).

"The Rise of Populism and Its Implications for Development NGOs," by Nick Galasso, Gianandrea Nelli Feroci, Kimberly Pfeifer, Martin Walsh (2017).

"Mitigating Poverty and Climate Change: How reducing short-lived climate pollutants can support pro-poor sustainable development", by Ryan Hottle and Thomas Damassa (2018).

"Identifying and analyzing the gendered impact of Hurricane María on WASH practices in rural communities of Puerto Rico," by Christiana Smyrilli, Pamela Silva, Lenulisy Rosado, and Martha Thompson (2018).

"Linking Electrification and Productive Use," by James Morrissey (2019).

"Saving for Change in Mali: From Women's Financial Inclusion to Public Engagement," by Tara F. Deubel and Micah Boyer (2019).

"USAID's AVANSE Project in Haiti: An Assessment of Its Conformity with Aid Effectiveness Principles," by Marc Anglade, Marc J. Cohen, and Tonny Joseph (2019).

"Accountable to Whom? Promoting Women's Rights through Extractive Industries Revenue Accountability," by Namalie Jayasinghe, Mirna de la Rosa Jimenez, Maritza Ruiz, Tamara Billima-Mulenga, and Mwiinga Cheelo (2019).

"Natural Gas for Development? Understanding the opportunities and challenges for gas in a context of climate change", by Kendra Kintzi (2019).

Achieving Universal Electricity Access at the Lowest Cost: A comparison of least-cost electrification models, by James Morrissey (2019)

The Demand Side of Impact Investing: Elevating the Perspectives of Local Entrepreneurs in the Impact Sector, by Jessica Jones (2019)

Masculinities and the Rise of the Far-Right: Implications for Oxfam's Work on Gender Justice, by Alan Greig (2019)

Can Haiti's Peanut Value Chain Survive US Generosity? Political economy analysis, by Camille Chalmers, Guelsonne Calixte, François Gérard Junior Denart, Tonny Joseph, and Marc J. Cohen (2020)

Oxfam se yon òganizasyon mondyal k ap travay pou fini ak lapovwete ki se yon enjistis. Nou ede moun yo konstwi yon pi meyè avni pou tèt yo, pou pwisan yo

pran responsabilite yo epi sove lavi nan ka katastwòf. Misyon nou se atake an pwofondè kòz lapovwete epi kreye kondisyon dirab. Men ki jan pou jwenn nou

www.oxfamamerica.org

Platfòm Ayisyen pou yon devlopman altènatif (PAPDA) se yon regwoupman mouvman sosyal sosyete sivil ayisyen an. Lap travay sou politik piblik yo. Pou sa li fè fòmasyon, analiz kritik ak travay sou lòt pwopozisyon. Rezo nou an genyen pou prensipal objektif ki se ranfòse kapasite mouvman sosyal peyi nou an pou ogmante kapasite entèvansyon yo sou sèn politik la ak sosyal ak pwopozisyon dokimante, ki gen anpil valè, e ki byen fisle epi ki ale nan enterè majorite popilè a

www.papda.org

OXFAM:
biwo nan Etazini
226 CAUSEWAY STREET, 5th Floor
BOSTON, MA 02114-2206
(800) 77-OXFAM

PAPDA :
RueJean-Baptiste, Canape-Vert
Port-au-Prince, Haiti.
HT6110
(509) 28163931

BUREAU DU PLAIDOYER ET DES POLITIQUES AUX ÉTATS-UNIS
1101.17TH STREET, NW, SUITE 1300
WASINGTON, DC 20036
(202)496-1180

www.oxfamamerica.org

© 2020 Oxfam America Inc. Tous droits réservés. Oxfam est une marque déposée d'Oxfam America Inc. et le logo Oxfam est une marque déposée de Stichting Oxfam International. Aucune des marques déposées ne peut être utilisée sans l'autorisation du propriétaire.